

## УÆЛАХЕЗИ ЦИЙНÆ УÆЛАХЕЗГÆНÆГИ ХУЗÆН НЕКЕ БАТЕРГАДИ КÆНУЙ!..

*Цæгат Иристони дзиллæ цитгинæй исæмбалдæнцæ дзюдойæй искурдиадæгин хуæцæг Таймазти Мæдинæбæл. Токиой ци XXXII Олимпаг гъæзтитæ цæуй, уонæми дессаги бæгъатæрдзийнадæ равдиста – уæззау цæф фæууогæй дæр имæ хъаурæ æма нифс разиндтæй æма райста бронзæ майдан. Уой хæццæ ба ма ин лæвæрд æрцудæй Уæрæсей спорти æскъуæлхт мастери кадгин ном. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!..*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№28 (809) 2021 анзи 5 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


## НОМЕРÆН



## КАДГИН ЛÆГ ГЪÆУАМА ЦИТГИЙНАГ УА!..

Хъæбæлоти Билар нæ республики сæргъи ци рæстæг фæцæй, е бæлвурд бæрæг даруй уомæй дæр, æма нæмæ еци рæстæги нæ адæмон хæдзаради еугур къабæзти дæр фæззиндтæй дессаги искурдиадæгин разамонгутæ, кæцити дæсни æма хъæппæресгин архайди фæрци Цæгат Иристон æнтæстгин адтæй промышленнон, гъæууонхæдзарадон, социалон-культурон райрæзти. Сæ нæмттæ игъустгонд адтæнцæ айдагъ нæхемæ нæ, фал æнæгъæнæ Советон Цæдеси дæр, устур кадæгонд син цудæй.

Уонæй еу адтæй Мæрзойти Хаджимусси фурт Хъазбег, гъæууонхæдзарадон разамонæг, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр. Сæрмагондæй æй уой туххæй имисæн æма 3 июли æ райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1926-1991). Бæгъатæри ном ин лæвæрд ку ‘рцудæй, уобæл ба – финддæс æма дууинсæй анзи (1966 анзи 30 апърели). Бæргæ хуарз адтайдæ, нæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ аци цаутæмæ се 'ргом ку раздахтайуонцæ, фал... Мах ба нæ ихæсбæл банимадтан аци номдзуд лæги æма æ берæ хъиамæттæ æримисун. Æма абони нæ газети 8-9 фæрстæбæл мухур кæнæн, Мæрзой-фурти туххæй е 'мгъæуккаг, æ раздæри синхон Дзугати-Мурасти Римæ ци æрмæг ниффинста, уой.



*Нæ Иристонæн, нæ адæмæн агъазиау хуæрзти ка бацудæй æма берæ арфиаг гъуддæгутæй кæд ескæд еске барæуадзæй фескъуæлхтæй, уæд уонæн сæ тæккæ фиццæгти-фиццæгтæй æнæмæнгæ æй ХЪÆБÆЛОТИ Емæзай фурт Билар. Уой туххæй рæстæгæй-рæстæгмæ нæ газети мухургонд фæццæуй хецæн æрмæгутæ. Абони ба ин æ ном бабæй имисæн еу ахсгиаг цаумæ гæсгæ – æртинсæй анзей (1961 анзи 5 августи) размæ Хъæбæлойфурт æвзурст æрцудæй СЦКП-й Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй æма еци бунати фæккуста 1981 анзи уæнгæ. Еци рæстæги ин ци бантæстæй исаразун нæ республики райрæзти сæрбæлтау, уой адæм хуарз зонунцæ. Мах дæр уобæл фæстæдæр ма дзордзинан, абони ба мухур кæнæн Билари хуарз ка зудта, уони имисуйнæгтæ (4-5-аг фæрстæбæл).*

## АУОДУНДЗИЙНАДÆ



## НУРИККОН КОСÆНГÆРЗТÆЙ ЕФТОНГ ЦÆУЙ

Национ проект «Ахурадæ»-мæ хауæг федералон проект «Нуриккон скъола»-мæ гæсгæ ке аразунцæ, Дигори районы Дур-Дури коррекцион скъола-интернат «Æууæнкæ»-йи нæуæг æрмадзти æнхæстгонд æрцудæнцæ цалцæггæнæн куститæ.

Специалисттæ ахургæнæндонæмæ ци нуриккон косæнгæрзтæ æрбафтудæнцæ, уони си æвæрунцæ. Федералон бюджет æрмадзтæ исефтонг кæнунæн радех кодта 7,3 миллион соми.

Скъола-интернат æрмадзтæн радех кодта авд косæнуати. Дзæуæгигъæуи электроники колледжи студенттæ æма педагогтæ косæнуæтти ефтонггади дизайн-проектбæл бакустонцæ.

Аци анз сентябрæй фæстæмæ скъола-интернати исксодзæнæнцæ къахидарæс хуйæн, хуæруйнаггæнæн, агропромышленнон, арæзтадон, кустадон-аййевгæнæн, массажгæнæн, робототехники æрмадзтæ, уæдта къараæсæн æма анимацион студитæ.

– Педагогтæ коррекцион ахургæнæндæнтти ке ‘нхæст кæнунцæ, еци профориентацион куст агъаз кæнуй сувæллæнтти социалон адаптацийæн. Нæуæг æрмадзти фæрци сувæллæнттæн ахурадæ райсуни фæсте уодзæнæй дæсниадæ равзаруни фадуат. Сæ идарддæри цардæн гъæугæ аллихузон дæсниæдти хæццæ цæмæй базонгæ уонцæ, аци проект уомæн агъаз кæнуй, – загъта Цæгат Иристони ахурадæ æма науки министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Алибегти Эллæ.

Æрмадзти ка косдзæнæй, еци специалисттæ онлайн уагæй дæсниадæ уæлдæргæнæн къурситæ каст фæцæнцæ, сентябри ба аци адæмæн ахурадæ комкоммæ уагæй амондзæнæнцæ.

Феппайуйнаг: сæйраг адаптацигонд еумæйаг программитæмæ гæсгæ ахурадон куст ка ‘нхæст кæнуй, фæлварæ æма фарæ национ проект «Ахурадæ»-мæ гæсгæ еци дууæ республикон косæндони – гъосæй æма цæстæй рæвдзæ ка нæй, еци сувæллæнттæн Дзæуæгигъæуи комплексон реабилитацион-ахурадон центри æма Мæздæги сæрмагонд (коррекцион) скъола-интернати – материалон-техникон бундор иснæуæг кодтонцæ.

*Пульмонологон агъази республикон Центрæн нæуæг, нуриккон ефтонггæрзтæ балхæнуни тухxæй дехгонд æрцæудзæнæй 35 миллион соми. Нуртæккæ цæттæгонд цæунцæ гъæугæ гæгъæдитæ уонæй бал цуппæрдæс (рентген-аппарат, кардио-пульмонологон станцæ, кардиограф æма æндæр гъæугæ ефтонггæрзтæ) балхæнунæн.*





# ÆМАРХАЙД КÆНУНÆЙ ЕУМÆЙАГ ГЪУДДÆГУТИ ФУЛДÆР ÆНТÆСУЙ!..

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** архайдта, Цæгат Кавкази федералон зилди идарддæри социалон-экономикон райрæзти нисантæбæл лæмбунæг дзубанди кæми рауадæй, еци æмбурди Пятигорски. Амудта æй Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Александр Новак**.

Зундгонд куд æй, уотемæй æрæги федералон Хецауади Сæрдар **Михаил Мишустини** унаффæмæ гæсгæ, вице-премьертæй нури уæнгæ ка ци ихæстæ æнхæст кодта, уой уæлæнхасæн ма си алкедæр æ цæстæ дардзæнæй æма дзуапдæттæг уодзæнæй бæлвурд федералон округбæл. Æрæги е кустадон балций бабæрæг кодта нæ регион, цæмæй бунати федералон зилди субъектти разамонгути хæццæ лæмбунæгдæр æрдзора идарддæри социалон-экономикон ирæзти стратеги æнхæст кæнуни фæдбæл æмархайди тухxæй.

Æмбурди райдайæни Александр Новак куд фæннисан кодта, уотемæй Цæгат Кавкази райрæзти программитæбæл нури уæнгæ куст цæуй федералон Хецауади еумæйаг архайди æмвæзади. Уой фæдбæл уотæ загъта:

– Экономикон ирæзти министради специалисттæ бацæттæ кодтонцæ 2035 анзи уæнгæ Цæгат Кавкази федералон зилди социалон-экономикон ирæзти стратегий нæуæг проект. Еци гæгъæдибæл нуртæккæ дзубанди цæуй федералон ведомствити. Мæ зæрдæ дарун, стратегий нæуæг уагæвæрд Уæрæсей Федераций Хецауадæ аци анзи кæронмæ ке исфедар кæндзæнæй, уобæл.

Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар Цæгат Кавкази **Юрий Чайка** æ радзубандий куд фæннисан кодта, уотемæй региони социалон-экономикон нивæбæлдзийнади фарстатæмæ еудадзугдæр цæстдард ес федералон Хецауади Сæрдар æма æ хуæдæйййевгути, уæдта хецауади центрон оргæнти ‘рдигæй. Æмбурди архайгути зæрдæбæл æрлæуун кодта уой дæр, æма еци фарстати фæдбæл 15 июни Михаил Мишустин сæрмагонд фембæлд исаразта зилди субъектти разамонгутæ æма федералон профилон ведомствити бæрнон косгути хæццæ. Уоми Хецауади Сæрдар бæлвурд амунддзийнæдтæ равардта Цæгат Кавкази федералон зилди идарддæри райрæзти программити уагæвæрдтæ фæллæмбунæгдæр кæнуни нисани хæццæ. Юрий Чайки дзубандимæ гæсгæ, еугур еци амунддзийнæдтæ бæлвурд æмгъудтæмæ æнхæстгонд цæунцæ.

Федералон зилди субъектти идарддæри райрæзти фарстатæбæл адтæй æ дзубанди Уæрæсей экономикон райрæзти министр **Максим Решетниковæн** дæр. Е куд фегъосун кодта, уотемæй ведомстви специалисттæ Цæгат Кавкази субъектти хецаудзийнади æнхæстгæнæг оргæнти хæццæ еумæ цæттæ кæнунцæ регионти экономикон райрæзти программитæ:

– Еци документти бæлвурд хигъд æрцæудзæнæнцæ регионтæмæ инвесторти фулдæр æргом раздахуни, экономики еугур къабæзти дæр нæуæг гъомус бауадзуни, уæдта еугур иннæ уæхæн фарстатæ. Уой хæццæ федералон зилди регионти экономикон ирæзти программитæ уодзæнæнцæ комкоммæ кæрæдзебæл баст, гъома, арæзт цæунцæ комплексон уагæвæрдти бундорбæл.

Экономикон райрæзти регионалон программитæбæл дзоргæй, Юрий Чайка æмбурди архайгути æргом раздахта, идарддæри размæцуди надбæл нуртæккæ устурдæр цæстдард ци къабæзтæмæ гъæуй, уомæ. Æ дзубандимæ гæсгæ, Цæгат Кавкази æрдзон-рекреацион фадуæттæ хинцгæй, е, æнæмæнгæ, исуодзæнæй туризм!

– Кавказ рагæй дæр нимад æй, адæймаги æнæнездзийнадæ æма царди дæргъвæтиндзийнадæн уодæнцойнæ уавæртæ кæми ес, уæхæн бунатбæл. Æма, æцæгæйдæр, æ географион æвæрд æма æрдзон уавæртæй Цæгат Кавказ бæсти иннæ хæйтти ‘хсæн уæлдай бæрæг даруй. Æма еци фадуæттæй раст ма испайда кæнæ, уомæн æруадзæн нæййес. Ке зæгъун æй гъæуй, аци къабази агъазиау инвестицион проекттæ æнхæст кæнгæй, зæрдæбæл еудадзугдæр дарун гъæуй, Цæгат Кавкази æрдзи гъæздугдзийнæдтæ цæстигагуйау гъæуайкæнуйнаг ке ‘нцæ, уой дæр.

Президенти Æнхæстбаргин минæвар æ доклади сæрмагондæй е ‘ргом раздахта цæрæнуæтти-коммуналон хæдзаради инфраструктури лухкæнуйнаг фарстатæмæ дæр. Æ дзубандимæ гæсгæ, еугурвæрсуг хæдзарадон архайдбæл лæгъузæрдæмæ зиннуй коммуналон къабази цауд уавæр: донуадзæн, канализацион æма иннæ хæтæлти зингæ хай æй æййевуйнаг, къабази косæг компанити архайдмæ дæр фæууй берæ феппайуйнæгтæ… Уæхæн æууæлти зин æй инвесторти æргом регионмæ раздахун. Юрий Чайки гъудимæ гæсгæ, коммуналон инфраструктури райарæзти нисани хæццæ исаразун гъæуй сæрмагонд программитæ.

Президенти минæвар æма иннæ федералон ведомствити минæвæрттæ дæр лæмбунæг æрлæудтæнцæ федералон зилди инвестицион гъомуси, цæмæдессагдæр экономикон проекттæ царди рауадзуни, æгустдзийнади къæпхæн минкъийдæр кæнуни, промышленнон æма гъæууонхæдзарадон кустади райрæзти, уæдта æндæр уæхæн фарстатæбæл.

– Цæмæй еугур уæлдæр амунд къабæзти хуарзæрдæмæ æййивддзийнæдтæ цæуа, уобæл бакосун гъæуй æмхъаурæй, – загъта Юрий Чайка. – Æрæги аци фарстатæбæл дзубанди адтæй Уæрæсей Президенти размæ стратегион райрæзт æма национ проектти фæдбæл Совети радон æмбурди. Совети унаффитæ бæрæг æнцæ – гъæуй сæ царди рауадзун. Айдагъдæр уотемæй бафтуйдзæнæнцæ къохи, Уæрæсей Президенти унаффи 2030 анзи уæнгæ ци райрæзти нисантæ федаргонд æрцудæнцæ, етæ, – бафеппайдта Юрий Чайка.

Æмбурди архайдтонцæ Уæрæсей Федераций энергетики министр **Николай Шульгинов**, Уæрæсей Федераций Паддзахадон Думи фракци «Еугонд Уæрæсе»-й разамонæги фиццаг хуæдæййевæг **Раисæ Кармазина**, профилон федералон ведомствитæ æма Цæгат Кавкази регионти сæргълæугутæ.

БАКÆСÆМ ИУМÆ
КНИЖНАЯ ЯРМАРКА

# КИУНУГÆ, ДАН, КÆМИ ЕС, ФИНСÆГ ДÆР УОМИ ЕС!..

Æма, æцæгæйдæр, уотæ ке ‘й, е бæлвурдæй рабæрæг æй, мæнæ æрæги Дзæуæгигъæуи ци равдист-армукъа «Бакæсæн еумæ!..» рацудæй, уоми. Æма уомæй дæр бæрæг адтæй æ нисан – национ литературæ æма киунуги ахедунддзийнадæ фæббæрзонддæр кæнун. Аци дессаги мадзал нæмæ цæмæй арæзт æрцудайдæ, æма цæмæй тæккæ хуæздæр хузи рацудайдæ, уобæл зæрдиагæй байархайдта нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.

Æ сæрдар Фидарати Юрий уой фæдбæл уотæ загъта:

– Ауæхæн фестиваль фиццаг хатт аразæн. Фæндуй нæ, цæмæй адæм нæуæгæй се ‘ргом раздахонцæ киунугæмæ, уомæн æма уой фæрци рагæй дæр дзиллæ адтæнцæ уодварнæй гъæздуг. Рæстæг размæ цæуй, фал киунугæ кæсунæн нуртæккæ ес берæ гæнæнтæ æма фадуæттæ. Уомæ гæсгæ ами, гæгъæдийæй конд киунугæй уæлдай фæууинæн æма бакæсæн ес аййевадон литератури уадзимистæ, мингай зонадон æма бæстæзонæн цæмæдессаг æрмæгутæ электрон уæлæфтауæни фæрци.

Фестиваль зæрдæмæдзæугæ цæмæй рауадæй, еци хуарздзийнæдтæй еу е æй, æма нæ республики цæргутæн æма иуазгутæн равгæ фæцæй фæууинунæн æма балхæнунæн, Цæгат æма Хонсар Иристони рауагъдæнттæй уæлдай Кæсæг-Балхъари, Цæцæни киунугæуадзæнти фæстаг æнзти ци бæстæзонæн, аййевадон-литературон, публицистон, мемуаристон литератури киунугутæ фæууидтонцæ рохс, етæ – 500 медесгун киунугемæй фулдæр. Сæ æргътæ адтæнцæ тукæнтти æргътæй дзæвгарæ асландæр.

Аци фестиваль ма киунугути равдиститæй уæлдай ма барæсугъд кодтонцæ æндæр аллихузон мадзæлттæй. Тæбæхсаути Балой номбæл Ирон академион театри актертæ ба си бакастæнцæ ирон поэтти æмдзæвгитæ. Уой хæццæ ба мадзали архайгутæ æма иуазгутæ ами базонгæ ‘нцæ киунугæ уадзуни гъуддаги æма, нуриккон электронон фæрæзнити фæрци 'й адæммæ куд парахатдæрæй бахъæртун кæнæн ес, еци сосæгдзийнæдти хæццæ.



**Нæ республики прокуратури косгутæн 5 августи æй цитгийнаг – еци бон 1924 анзи Цæгат Иристони арæзт æрцудæй аци барадон ведомство. Æма зæрдиагæй арфæ кæнæн æ косгутæн сæ бæрæгбони фæдбæл.**

***Фиццаградон национ проект «Демографи»-й фæлгæти ахурадæ æма гъомбæлади косæндæнттæ арæзт æрцæудзæнæнцæ Гизæли, Черменигъæуи, Дæллаг Саниба æма Нæуæггъæуи, алкæми дæр си уодзæнæй 120 бунати. Черменигъæуи ба байгон уодзæнæй 360 бунати кæми ес, уæхæн скъола.***

# СÆЙРАГДÆР – БÆЛВУРД МАДЗÆЛТТÆ АРАЗУН



ЦÆГАТ Цæгат Иристони Хецауади архайди ци нæуæгдзийнадæ фæззиндтæй, уомæ гæсгæ е ‘мбурдтæ рæстæгæй-рæстæгмæ арæзт æрцæунцæ республики районтæй кæцидæрти. Аци фæтки ахедундзийнадæ æнхæстæй рабæрæг æй – уой фæрци æнæмæнгæ райаразуйнаг фарстати фæдбæл си дзубанди рауайуй бæлвурд, ци мадзæлттæ си нисангонд æрцæуй, етæ фæуунцæ лæдæрд. Уæлдай хуарздзийнадæ ба ма е æй, æма, ци районы фæуунцæ, уоми райаразуйнаг фарстатæй ци фæууй, уонæмæ дæр бундорондæрæй каст æрцæуй, сæ исæнхæст кæнуни фæдбæл дæр гъæугæ мадзæлттæ нисангонд æрцæуй. Æрæги уæхæн æмбурд, разамунд ин лæвардта Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Тускъати Тайморас, уотемæй арæзт æрцудæй Мæздæги районы. Æркастæнцæ си 2021 анзи фиццаг æмбеси республикон бюджет куд æнхæстгонд æрцудæй, уомæ, уæдта æндæр ахсгиаг социалон-экономикон фарстатæмæ.

Финанстi министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Исахъти Олег куд фегъосун кодта, уотемæй амунд рæстæги республикон бюджети æфтуйæггæгтæ иссæнцæ 18 215 625,9 мин соми, хæрзтæ ба 17 464 064,8 мин соми (уотемæй æфтуйæггæгтæ хæрзтæй фæффулдæр æнцæ 751 561,1 мин сомей бæрцæ).

Аци анзи фиццаг æмбеси республикон бюджетмæ хъалонтæ федунæй æма æндæр хузи феддонти фæрци ци бафтудæй, уони бæрцæ исхизтæй 6 926 566,3 мин сомемæ (е æнæгъæнæ анзи пълани бæрæггæнæнæн æй æ 58,6 процентi).

Дзуаппон рæстæги хæрзтæн сæ фулдæр хай харзгонд æрцудæнцæ: социалон политики уагæвæрдтæ æнхæст кæнунæн – 35,9 процентi, ахуради – 28, 6 процентi, экономикон къабæзти – 11,8 процентi, æнæнездзийнадæ гъæуай кæнуни – 6,6 процентi æма уотæ идарддæр. Республики паддзахадон ихæси бæрцæ 1 июльмæ адтæй 8 417 002,9 мин соми (етæ еугурæй дæр æнцæ бюджетон æфстæуттæ).

Æмбурди дзубанди цудæй зæнхон рахастдзийнæдти фарстатæбæл дæр. Куд зонæн, уотемæй æрæги республики разамунд фæндæ бахаста, цæмæй рæстæгмæ уорæд æрцæуа аллихузон хæдзарадон æма экономикон нисантæн зæнхи хæйттæ дæттуни куст. Аци гъуддаг баст æй дууæ æууæлей хæццæ. Фиццагидæр, хуæнхонрекреацион комплекс «Мамисон»-и арæзтади бунатæн лæвæрд æрцæудзæнæй сæрмагонд экономикон тæлми статус, æма, ке зæгъун æй гъæуй, зæнхи хæйттæ иуаруни размæ алли зæнхи гæппæли паспорт дæр гъæуама нæуæгæй федаргонд æрцæуа. Дуккагæй ба, зæнхи хæйттæ дæттуни фæткæ еуцæйдæрбæрцæ лæмбунæгдæргонд æрцæудзæнæй.

Хецауади иуонгтæ аци фæндæбæл исарази ‘нцæ æма фарстай фæдбæл рахастонцæ сæрмагонд унаффæ. «Мамисон»-и тæлми зæнхон рахастдзийнæдти фæдбæл еугур организацион фарстатæ лух кæнуни куст ихæсгонд æрцудæй къабазон министрадæ æма Алагири районы бунæттон хеунаффæйади администрацийæн.

Æмбурди федаргонд æрцудæй республики муниципалитеттæн бюджетон трансфертæ радех кæнуни фæткæ дæр. Хецауади сæрмагонд унаффæмæ гæсгæ Æрæдони, Рахесфарси æма Горæтгæрон районти, уæдта Дзæуæгигъæуи администрацитæн уæлæнхасæн радех кæндзæнæнцæ 953 мин соми (еци фæрæзнити фæрци фæххуæздæр уодзæнæй адæмæн куст дæттуни служби архайд).

Гъуддагон рауадæй дзубанди хецауади æнхæстгæнæг оргæнти структури арæзти туххæй. Ци æййивддзийнæдтæ гъæуама æрцæуа, уони нисан æй инвестицион политики фарстатæ æма æхсæнадон транспорти кустмæ фулдæр æргом æздахун. Уой хæццæ адæмæн транспортон лæггæдтæ кæнуни фæдбæл промышленность æма транспорти министради æнхæстбартæ лæвæрд æрцæудзæнæнцæ нæдти хæдзаради Комитетæн. Уой фæрци амунд министради кусти сæрмагонд бунат байахæсдзæнæнцæ инвестицион æма инновацион архайди фарстатæ. Сæ уавæртæ æма ихæсти фæдбæл æмбурди лæмбунæгдæрæй радзурдта промышленность æма транспорти министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Мæрзойти Владимир.

Лæдæрд æй, аци æмбурди зингæ берæ æргом ке раздахтонцæ Мæздæги районы фарстатæмæ, е дæр. Ами социалон-экономикон уавæрти туххæй дзоргæй, районы сæргълæуууæг Олег Яровой куд байамудта, уотемæй сæмæ æнтæстдзийнæдти хæццæ ес къулумпитæ дæр. Республики Хецауади Сæрдари фиццаг хуæдæййевæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Æгъузарти Морат ба æ радзубандий æргом раздахта ахсгиаг фарстамæ: абони мæздæггаг тиллæгхæссæг зæнхитæ ке къохти ‘нцæ, етæ гъæугæ цæстингас нæ дарунцæ сæ зæнхитæмæ.

Иннæ ахсгиаг фарста: Мæздæги гъæуама ка фæззинна, еци зæрди незтæ дзæбæхгæнæн центри уавæр. Уой фæдбæл æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Тебиати Сослан уотæ загъта:

– Куд нисангонд æй, уотемæй аци анз центри азгъунст рæвдзæгонд æрцæудзæнæй æма си æвæрд æрцæудзæнæй компьютерон томограф, 2023 анзи ба ин балхæндзæнæнцæ ангиограф. Тускъай-фурт бафæдзахста, цæмæй республикон министрадæ бадзубанди кæна Уæрæсей профилон министради хæццæ æма ангиограф æлхæд æрцæуа 2022 анзи.

Мæздæги районы финансон уавæр æма гæнæнти фæдбæл дзоргæй, Æгъузари-фурт ма уой дæр загъта, æма ниллæг арендон ихæс фуддæр æрдæмæ бæрæг кæнуй районы бюджетбæл. Æмбурди ма дзубанди рацудæй гардинти фабрикæ, цалцæгæнæн завод æма æндæр промышленнон кустуæтти архайди хæццæ баст фарстати фæдбæл.

Хецауди Сæрдари хуæдæййевæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Туйгъанти Ларисæ ба æ радзубандий фулдæр æргом раздахта, районы цæргути цардиуаги фарстатæ куд æнхæстгонд цæунцæ æма еци кусти ма циуавæр гъæндзийнæдтæ ес, уомæ. Куд зæгъта, уотемæй районы 25 036 адæймаги есунцæ социалон агъаз алли мæйæ дæр еумæйагæй 54,9 миллион соми (анзи дæргъи – 659 миллион соми).

Фулдæр фарстатæ æрхаудтæнцæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Тамати Майрæнмæ. Лæмбунæгæй сæбæл æрдзоргæй, е ранимадта ци нæхъæртондзийнæдтæ ма ес аци къабази æма байамудта, сæ райеуварс кæнунбæл куд косдзæнæнцæ, уой. Райаразуйнаг ма си, зæгъун гъæуй, берæ гъуддæгутæ ес, уæлдайдæр ба донæфсесади æма кæдзосгæнæн арæзтæдти Мæздæги, Елбати гъæуи, Ново-Георгиевски, Сухотский æма Виноградныйи.

Хецауади Сæрдари хуæдæййевæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Дзанайти Барис ба бафарста, Мæздæги Уæлахези парки райарæзт куд цæуй, уобæл. Еци кустытæ арæзт цæунцæ Уæрæсей минкъий æма историон сахарти райрæзти сæрмагонд программæмæ гæсгæ, кæцими Мæздæг рамулдта конкурс æма ин уагæвæрдмæ гæсгæ лæвæрд æрцудæй 70 миллион соми. Æмбурди фæсте æ архайгутæ бабæрæг кодтонцæ парк кæми арæзт цæуй, еци рауæн. Кустытæ æнхæст кæнуй ООО «Ригель» (æ директор Цæллати Олег). Мæздæги сахари хæдзаради управлений директор Туйгъанти Иринæ хецауади иуонгтæн фæууинун кодта, ци æма си куд конд цæуй, уой.

Тускъати Тайморас ма комкоммæ базонгæ ‘й, районы æндæр арæзтæдти кустытæ куд цæунцæ, уой хæццæ, бабæрæг кодта Елбати гъæу. Балций фæдбæл хатдзæгтæмæ гæсгæ арæзтадæ æма архитектури министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Моргуати Константинæн байхæс кодтонцæ, цæмæй сæрмагонд цæстингас дара Хъизлари гъæу æма станицæ Черноярскийи скъолати арæзтадæ куд цæуй, уомæ. Рахастонцæ ма унаффæ, цæмæй станицæ Павлодольскийи киунугæдонæн лæвæрд æрцæуа æхца сæ киунугути нимæдзæ фæффулдæр кæнунæн.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Еу зæронд лæг аразта фæткъу бæлæстæ. Адæм ибæл дестæ кодтонцæ.*

*– Цæмæн дæ гъæунцæ еци бæлæстæ?.. Ци ма си фæууиндзæнæ?.. Сæ рæзæй ма син фегъæстæ уодзæнæ? – дзорунцæ имæ аллирдигæй.*

*– Æз си ку нæбал фегъæстæ уон, уæддæр сæ хуæрæг уодзæнæй æма ми боз уодзæнæнцæ, – загъта син зæронд лæг.*

***

Аци, Рæстибараггени хузæн зæронд лæги уодигъæдæй уæддæр еу къæрт куд нæ фæззиннуй нæ нуриккон хецауеуæггæнгути рахасти! Адæми цардиуаги хуарзбæл архайунæй комкоммæ ихæсгин ка ‘й, сауæнгæ уонæн дæр сæ мæтæ æй айдагъдæр сæхе æма сæ цæуæти алцæмæй гъæздуг исонибонбæл архайун. Сæ фурзудæй ба син бафсес нæййес. Стъараполи крайи нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади управлений хецау Алексей Сафонови кой фегъустайайтæ – æ паддзахон галауанти сауæнгæ пусойнитæ дæр сугъзæрийнæй фæлустгонд. Уæхæнттæ цийфæнди устур улупай фæрци дæр неци хузи исаразæн ес...

Нæкæси, номдзуд полярон æсгарæг Дмитрий Папанин, паддзахадæ ин ци зæнхи хай радех кодта, уоми исаразта, уæди рæстæги дессаг ка зиндтæй, уæхæн хæдзарæ (уогæ е нури бонгинти галауанти рази мæгургæс къæси хузи зиннуй). Растауни зæрдтæй уордæмæ фæххудта Сталини. Е дæр си æрзилдæй, уæдта загъта: «Сувæллæнтти рæвдауæндонæн заманай æй…» Бæргæ нур дæр уотæ конд ку цæуидæ – фæливд миутæй ка рабонгин æй, уони агъазиау галауантæ адæми социалон гъæундзийнæдтæн есун…



**Денис ДРАГУНСКИЙ, финсæг: «Нæ паддзахади абониккон цардарæзтмæ кæсгæй, хъæбæр æнцонæй рартасæн, Советон Цæдесæй ке хецæн кæнæн, куд рабæрæг æй, уотемæй еу бундорон гъуддагæй – нециуавæр нисан нæмæ ес…»**

Куд нециуавæр нисан нæмæ ес? Æгæрдæр ма нæмæ ес. Не ‘хсæнадæ дууæ дехи фæцæй. Æ еу, бустæги минкъийдæр хайæн æ нисан æй – еугурадæмон есбонадæн фæндæ кæнуни бартæ æнæгъæнæйдæр сæхемæ райсгæй ибæл æнæфсæрмийæй хæлæф кæнун. Иннæ хаййи хумæтæг адæмæн сæ фулдæремæн ба сæ нисан æй, æнай-æнойти ка рабонгин æй, æма алци ке къохти бацæй, уони фудæй абони ци æгудзæг уавæрти ‘нцæ, уонæми уæддæр ести мадзæлттæй ервæзун.



**Александр ПРОХАНОВ, финсæг: «Адæм гъæуама фæллойнæ кæнонцæ. Гъо, зин син уодзæнæй, еугур хъиамæтгæнгутæн æма уæззау уаргъхæсгутæн куд зин фæууй, уотæ…»**

Адæмæн æгириддæр зин нæй фæллойнæ кæнун. Зин син е æй, æма сæ фæллойни бæркæдтæ ке баунцæ еугай, куд фæззæгъунцæ, уазал дони е ‘нгулдзæ дæр ка нæ ниттулдта, еци уæлбекъон хамасхуарти амæттаг. Е куд æй, кæд æма берæ, махæй гъæздугдæр паддзахæдти доллæрон миллиардерти къохти ес медбæстон æмткæй продуктти 12-18%, уæд Уæрæсей ба 35% – анз æма æрдæги федералон бюджети бæрцæ! Уотемæй ба нæмæ мизди бæрцæ ба æй 27 мин соми æма минкъийдæр. Æма, дан, бухсетæ…



**Айсен НИКОЛАЕВ, Якутий Сæргълæууæг – зундгонд актер Леонардо Ди Каприой туххæй: «Хъæбæр æхцæуæн нин уодзæнæй, ку нæмæ фæззинна æма нин ку фæййагъаз кæна. Уогæ ‘й нæ лæдæрун, Голливуди бадгæй нин ци исараздзæнæй якутаг гъæдти зингисервæзтитæ хуссун кæнунæн…»**

Ди Каприой (аци артист гъазта лайнер «Титаник»-и ниннихъулди туххæй киноныви сæйраг хъайтартæй еуей роли – *Ред.*) агорун гъæуй, æвæдзи, донбæлцæугæ транспорт æнæнгъæлти цаути фæдбæл. Якутий зингисервæзтити ба регионы разамунд æхуæдæг гъæуама фезмæла. Сæхуæдтæ гъæугæ хузи ци гъуддæгутæ гъæуама райаразонцæ, уонæбæл архайуни бæсти æнгъæлмæ кæсунцæ, æгириддæр кæмæй неци пайда ес æма арæхсгæ дæр ка не ‘скæндзæнæй, уæхæн «зундгонд» адæймæгутæмæ.

**Хуцаубони, 8 августи бæрæггонд цæудзæнæй аразæги Бон. Нисангонд æрцудæй 1955 анзи 6 сентябри ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указæй. Зæрдиагæй арфæ кæнæн Цæгат Иристони аразгутæн сæ бæрæгбони фæдбæл.**

***Зундгонд хæдзарадон разамонæг æма партион архайæг ХЪАРАДЗАУТИ Дзастемур: «Хъæбæлоти Билар адтæй арф зунди, берæвæрсуг зонундзийнæдти хецау. Уомæн æз мæхуæдæг æвдесæн, берæ хæттити ми е баруагæс æй бæлвурд уавæрти. Кæрæй-кæронмæ зудта республики царди еугур къабæзти гъуддæгути уавæр.***



ХЪÆБÆЛОТИ Билар республики царди ахсгиагдæр фарстати туххæй æнæмæнгæ унаффæ кæнидæ адæми хæццæ.



ХЪÆБÆЛОТИ Билар уæлдай зæрдиагæй архайдта, цæмæй иразгæ фæлтæртæн арæзт цæуонцæ еугур фадуæттæ дæр.

# Æ ХЪАУРÆ ÆМА Æ КАДÆЙ ТУХГИНДÆР



**ДАУРАТИ Дамир,**
Цæгат Иристони адæмон финсæг

МÆ ФЕМБÆЛДТИТÆ Билари хæццæ раздæр уиуонцæ мæ кустмæ гæсгæ, куд фæскомцæдесон æма партион косæгæн, – уотæ райдæдта Дамир æ дзубанди.

Баруагæс ди уæд, мæ дзубандий мæнгæттæй неци ес, æма дин уотæ зæгъдзæнæн: æз райкоми кæддæри æригон инструктор, алкæддæр бæлдтæн обкоми уæди фиццаг секретари алли дзубандимæ дæр байгъосунмæ. Уæди æнзти еуæй-еу устур хецæуттæн сæ дзубанди трибунæй уидæ цидæр æнæуод, сор, партион унаффити æнсæнст æвзагæй, зæрдæмæ æгириддæр нæ гъардта. Билармæ игъосунæй ба фулдæр адæм не 'фсастæнцæ, сæйрагдæр ба е адтæй, æма æвуæндтæнцæ ин æ алли дзурдбæл дæр. Нур æй уал анзей фæсте ци римæхсон, фал куд рæсугъд дзурдта, уомæ æз хицæ кодтон, мæн дæр уотæ фæндæ адтæй, уомæн æма еци рæстæги æхсæнадон косæгæн аргъ кодтонцæ, куд дæсни дзоруй, уомæ гæсгæ.

Биларæн æ алли радзубандий дæр адтæй лирикæ дæр æма юмор дæр, ахид пайда кодта Къостай гъудитæй.

Фæстæдæр ба æз Билари хæццæ фембæлинæ, куд исфæлдистадон косæг, уотæ. Фиццаг хатт, еуцалдæр анзей размæ ин æ дуар ку бахуастон уæд имæ, цума, мæнæ рагæй кæмæ æнгъæлмæ кастæй, уæхæн иуазæг æрбацудæй, уоййау мæбæл бацийнæ кодта. Еци ездон æма хумæтæгæй байзадæй. Сæхемæ еунæгæй разиндтæй æма мин уайтæккæ фингæ æрæвардта.

Æз кастæн æма игъустон мæ дзæбæх хестæрмæ, мæхе зæрдæ ба идзаг кодта сæрустурдзийнади æнкъарæнтæй: æгайтима имæ уæхæн нифсхастдзийнадæ ес, уæхæн уарзондзийнадæ цардмæ. Уал анзи уæхæн бæрнон бунати ка фæцæй, уойбæрцæ мæтæ æма сагъæстæ ка бавзурста, фæстагмæ, æвудæй уæхæн æфхуæрд ка баййафта, уомæ ма абони уæхæн хъаурæ ке ес, е дессаг æй…

Æрæгиау ин ме 'рбацуди сæр исгъæр кодтон. Зæгъун, мæ зæрди ес дæуæн дæ цардвæндаги туххæй уадзимис ниффинсун, базонун мæ фæндуй, дæ сабийдогæ куд рацудæй, дæ фæллойнадон над куд райдæдта, уæхæн устур бунати уал анзи куд бафæраззæй, еци хабæрттæ.

Нæ мин исарази 'й, нæ бакумдта, æз, дан, еци дзубандитæ нæ уарзун. Æма ин ци мæ бон адтæй?! Кенæ естæбæл дузæрдуг кæнуй, кенæдта естæмæй кенæ ескæмæй æфсæрми кæнуй, кенæ ба æндæр ескæмæн байвардта уомæй зæрдæ, ка 'й зонуй, мæнбæл куд финсæгбæл, уотæ не 'ууæндуй. Зин мин нæ уодзæнæй, зæгъгæ, дæр загътон мæхецæн, æндæр еске дæр ибæл ку ниффинса, уæд, уомæн æма Билар æй тæккæ зингæдæр уадзимиси аккаг. Берæ хуæрзти бацудæй Иристонæн, берæ цидæртæ зонуй æма раст нæ уодзæнæй, ескæд сæ æ хæццæ мæрдтæмæ ку фæххæсса, уæд. (Æма уотæ нæ рауадæй? Ци берæ дессæгтæ зудта. Ци берæ дессаги хабæрттæ – кæцитæ нин устур агъаз адтайуонцæ абони – нæ ракодта, æ хæццæ сæ фæххаста е 'носон дуйнемæ!.. – *Ред.*) Мæ нифс нæ бахастон, федардæр фæллæуунмæ, Билари еци дзубандитæ ракæнунбæл исарази кæнун…

Билар берæ хуæрзтæ исаразта. Хъæппæрес равдиста, цæмæй нæмæ байгон уа нæ паддзахадон университет, цæмæй хуæрзгъæдæ æма афойнадæбæл арæзт æрцæуа нæ аэропорт, байгон нæмæ уа «Электроцинк»-и тауæгади агъазиау цех æма уотæ идарддæр. Еци гъуддаги ин æнсувæрон агъаз бакодтонцæ уæди устур паддзахадон лæгтæй беретæ: Алексей Косыгин, Юрий Андропов, Николай Шелепин.

Билар лимæнæй цардæй разагъди финсгутæ Расул Гамзатови, Алим Кешокови, Николай Тихонови, Советон Цæдеси аййевади зундгонддæр архайгути хæццæ. Дæлæ махмæ Беслæни культури Галауан ку игон кодтонцæ, уæд си разагъди кафæг Махмуд Эсамбаев дæр адтæй, æма ма абони дæр мæ гъостæбæл изæлунцæ, е Биларæй ци хуæрзтæ фæдздзурдта, етæ. Æз, дан, æй мæ дуккаг фидæбæл нимайун, Иристон ба мин мæ дуккаг фидибæстæ 'й… Мадта Сталини туххæй дæр берæ зудта, ахид æмбалдæй Исси хæццæ, Мамсурати Хаджи-Умари хæццæ, нæ Иристони устур лæгтæй берети хæццæ.

Цидæр адтæй, уæддæр мæ зæрдæ дардтон, хизтон, мæнæ мæмæ фæдздзордзæнæй, рацо, Дамир, байгъосæ мæмæ, зæгъгæ.. Уотæ ку рауадайдæ, уæд, æвæдзи, мæнæй амонгундæр нæбал адтайдæ Иристони. Уогæ уæддæр исфæлдистадон хийнæдзийнадæ равдесинæ, хатгай ин æ дуар бахуайинæ, ниллигъстæ кæнинæ, цæмæй мин хецæн цаутæ, кенæ хецæн адæймæгути туххæй æ гъудитæ загътайдæ. Æма сæ уæд мæ диктофони мæ хæццæ рахæссинæ. Æнцæ мæ зæрди…

Еу дзæбæх хестæр мин ес уартæ Ольгинскийи, Темболат, зæгъгæ. Æма мин е кæддæр мæнæ уотæ радзурдта: «1981 анзи октябри цаути рæстæги æз, мæ гъæла сæрæй нæ рагъуди кодтон, æма еу æхсæвæ сахари хæдзæрттæй еуей фарсбæл ниффинстон «Долой Кабалоева!» Мæнæ куд рæдудтæн, уæд мæ дууæ къохи дæр цæмæннæ рахаудтæнцæ! Æ фæсте ци хецауадæ кустонцæ, уони ку 'ргъуди кæнун, уæд мæ сæр ниххуайун, мæнæ ци бакустан, зæгъгæ…»



**ГУРЖИБЕКТИ Ирин,**
Цæгат Иристони адæмон поэт

ХЪÆБÆЛОТИ Билар æ нæуæг кусти бунатмæ, Монголимæ ку цудæй, уæд æз æма журналист Бетойти Мария Дзæуæгигъæуи аэропорти уæхæн æведауцæ нивæ фæууидтан нæхе цæститæй. Цæветтонгæ, е æ рæстæги кæмæн фæййагъаз кодта, хецауеуæггæнæн бунætти ке ниввардта, е 'мкосæгбæл ке нимадта, уонæй мæнæ 'й рафæндараст кæнæн, зæгъгæ, еунæгей дæр нæ фæууидтан. Фæндараст æй кодтонцæ айдагъдæр æ хæстæгутæ, хеуонтæ. Алкедæр тарстæй æхецæн, алкедæр кодта æхе уоди кой, ке фæрци ислæг æй æма адæми рæнгъæбæл æрлæудтæй, уомæй ба сæхе римахстонцæ.

Мæнæн ба уæд мæ зæрдæбæл æрлæудтæй евгъуд æноси 70-аг æнзтæй еу цау. Уæд кустон газет «Социалистическая Осетия»-йи культури хайади сæргълæууæгæй æма ахури нæуæг анзи райдайæни бабæрæг кодтон нæ сахари еу скъола. Кæсун æма игъæлдзæг фæсевæди 'хсæн еуварси лæууй кизгæ æма кæуй. Цæбæл кæуис, зæгъгæ 'й ку бафарстон, уæд рабæрæг æй: скъолайæн ци азгъунст аразтонцæ, уомæн æ еу хай, фиццагкъласонтæ кæми ахур кодтайуонцæ, е арæзт нæ фæцæй æма кизги зæрдæ уобæл ристæй. Дуккаг бон газети фæззиндтæй мæ уац «Цæбæл кудтæй Зæлинæ».

Газет рацудæй сæумæраги. Æвæдзи адтайдæ дæсæймаг сахат æрдæг, уотемæй партий обкоми фиццаг секретарь Хъæбæлоти Билари рази лæудтæнцæ, Министрти Совети сæрдари, арæзтадæбæл дзуапп ка лæвардта, еци хуæдæййевæг, ахуради министр, иннæ разамонгутæ. Фудгинти уотæ бакодта, æма æхсæвæ-бон нæбал базудтонцæ, цалдæр бонемæ скъолай азгъунст кæронмæ арæзт фæцæй. Уæхæн аргъ кодта Билар газетти мухури алли критикон æрмæгæн дæр.

Æрбахъæрдтæй Хетæгкати Къостай райгурди 120 анзей юбилей. Бæрæгбонмæ еугур республикæ дæр æхе цæттæ кодта. Мæнæн бабарæ кодтонцæ, скъоладзаутæн салам дæттуни æмдзæвгитæ ниффинсун. Уонæбæл куд кустон, уотемæй æвеппайди мæ косæнуати телефони дзæнгæрæг низзæлланг кодта. Уайтæккæ фелвастон хæтæл.

– Хъæбæлой-фурт дæн. Куд цæуй дæ салам дæттуни æмдзæвгæбæл куст? Цæбæл рагъуди кодтон: Хъубадий (Къостай зундгонд уадзимиси хъайтар – Ред.) кой дæр си ку искæнисæ, гъома, сабийти уарзондзийнадæ поэтмæ. Рагъуди кæнай уобæл...

Е дессаг куд нæ 'й: партий обкоми фиццаг секретарь нæдæр редактормæ, нæдæр газети иннæ разамонгутæй кæмæдæр нæ фæдздзурдта, фал хумæтæг журналистмæ, куст ка æнхæст кодта, уомæ. Е уобæл дзорæг æй, æма куд нимади имæ адтæй хумæтæг косæг адæймаг, куд ин аргъ кодта æ хъиамæтæн. Абони хецæуттæн ба уæхæн зундирахаст нæ фагæ кæнуй…

... Иристони кадгиндæр, дзурддзæугæдæр лæгæн, кæд абони не 'хсæн нæбал æй, уæддæр мæ сæрæй ниллæг ковун æма зæгъун: «Ирон адæм ди адтæнцæ æма ди нур дæр ма сæрустур æнцæ. Æма еци сæрустурдзийнадæ ба нæ дзиллити зæрдити æноси уæд, макæд фесæфæд!»

**Зундгонд революцион архайæг, Хонсар Иристони Центрон Æнхæстгæнæг Комитети фиццаг сæрдар æма партий обкоми секретарь Джатити Михаили фурт Александри райгурдбæл 2 августи исæнхæст æй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1891-1942).**


ХЪÆБÆЛОТИ Билар, номдзуд дагестайнаг поэт Расул ГАМЗАТОВ (æ рахесæрдигæй) æма Социалистон Фæллойни Бæгъатæр ÆЛБЕГАТИ Харитон (æ галеуæрдигæй) цитгин мадзали рæстæг.


Номдзуд кафæг Махмуд ЭСАМБАЕВ, ХЪÆБÆЛОТИ Билар, æ цардæмбал Майæ æма сæ цæуæти хæццæ.

# ÆМА ЦИТГИНДÆР КОДТА НÆ ИРИСТОН!..


**КУЧИТИ Эльбрус,**
(1925-2015)
Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади раздæри министр

Е АДТÆЙ 10 феврали 1982 анзи. Сæумæраги мæнмæ нæхемæ телефонæй æрбадзурдта Билар æма мин уотæ зæгъуй:

– Æз сахатти фæсте тæхун Мæскумæ, фал ди мæнæ ци корун. Æзинæ республикон сæйгæдонæмæ хъæбæр тухстæй бахаудтæй Тотрати Эммæ, медицинон институти ректор. Дæ хуарзæнхæй, цидæриддæр гæнæн ес, уой исаразæ æма ин байагъаз кæнæ.

Æз мæ куст уомæй райдæдтон, фæддздзурдтон тæккæ фæлтæрдгиндæр дохтиртæмæ, фæссехуар нæмæ Мæскуйæй ба сæрмагонд консультант истахтæй. Неци ин нæ бон бацæй.

Æз уæд нæма зудтон, Билар Мæскумæ цæмæн ратахтæй, уой. Мæнæ уой размæ анзи Горæтгæрон районæй обкоми размæ мард æд кирæ ку æрбахастонцæ, уæд си ци змæнститæ рауадæй, уони ин Центрон Комитет нæ ниххатир кодта. 15 феврали ба нæхе обкоми пленум цудæй: Билар рандæй, Одинцов æрбацудæй. Капитонов трибунæй, уой размæ ЦК-и ци Секретариат адтæй, уой кусти бæрæггæнæнти туххæй радзурдта, загъта, Хъæбæлой-фурт, дан, уæгъдæгонд æрцудæй фиццаг секретари бунатæй, нæбал уодзæнæй партий обкоми бюрой иуонг дæр æма ин æ къохæй райамудта, гъома, дан, президиумæй æрхезæ. Билар исистадæй. Дзоргæ неци скодта, арæхстгай къæпхæнтæбæл æрхизтæй. Еци гъуддаг мæнæн хъæбæр зин адтæй! Уал анзи фæккуста еци устур бунати, берæ хуæрзти бацудæй Иристонæн, уæд ци 'рцудайдæ, президиуми æй кæронмæ бадун ку бауагътайуонцæ, уæд? Æз нæбал фæллæудтæн, исистадтæн мæ бунатæй, рацудтæн адæми 'хсæнти æма æ тæккæ фарсмæ 'рбадтæн. Е еугуремæн дæр æнæнгъæлти адтæй, базмалдæнцæ, президиуми иуонгтæ кæрæдземæ бакæсæ-бакæсæ кæнунцæ, къус-къус кæнунбæл фæцæнцæ. Билар дæр базмалдæй, мæн æрдæмæ æхе разилдта æма мæ фæрсуй:

– Ци хабар æй, ци косис ами?

Неци, зæгъун, æз раздæр дæр ами бадтæн, Билар Емазаевич, мæнæ кумæдæр рауадтæн.

Пленуми фæсте еци-еу цуд нæхемæ ракодтон, еци мæстгунæй мæмæ неци кæнун цудæй, мæ мадæ тухст сæйгæ адтæй æма ма уой рази еуминкъий рабадтæн, уотæ мæмæ Билар телефонæй æрбадзурдта:

– Тотратæмæ ду зиани адтæ, уой зонун, фал ма, кæд гæнæн ес, уæд ма мæн хæццæ дæр ку фæццæуисæ? Тæфирфæс син уæддæр ракæнон...

– Е ба дин ци загъд æй? – бадес кодтон æз, – цæуæн.

– Мадта бунмæ 'рхезæ, æз дæр фæццæун...

Тотратæмæ Эмми фæлуст хуссæнбæл нæ къохтæ байвардтан, уæдта, рохсаг дæр ин зæгъетæ, зæгъгæ, нæ иннæ авармæ фингæмæ бахудтонцæ. Кæстæреуæг нин кодта сæ синхаг Хъулати Хъубадий биййойнаг Нинæ. Уобæл дæр бацийнæ кодта Билар, фæффæрститæ 'й кодта, Хъубадий дæр æримистан. Е адтæй дессаги зæрдагайгæ изæр...

Гъе нур ба мин, Дамир, еу уæхæн фарстайæн дзуапп раттæ. 10 феврали Билар Мæскумæ ку рандæ 'й, уæд æй зудта, уоми имæ ци устур æфхуæрд æнгъæлмæ кæсуй, уой, фал ма уæддæр рæстæг иссирдта æма сæйгæ адæймагбæл батухстæй. Зæгъæн, уомæй фондз боней фæсте дæубæл, мæнбæл, никкидæр ма ескæбæл Билари хузæн æгъатир цæф ку 'руадайдæ, уойæсæ маст нæмæ ку бацудайдæ, уæд махмæ дæр еци минкъий лæги бæрцæ хъаурæ разиндтайдæ, иннæ бон нæ, фал уæд, еци тæккæ сахат, зиангинти уæлгъос æрлæуунмæ, сæ уæззау ристæй син еуминкъий хай дæхемæ райсунмæ, нифсæвæрæн, цардмæседæг дзурдтæ син зæгъунмæ? Циуавæр характеристикæ раттун гъæуй адæймагæн æ уæхæн миуи туххæй, цæбæл ин дзорæг æй е?

... Æма дин æз зæгъун: Билар ци фæццардæй, ци фæккуста, уой кæдзосæй, алцæмæйдæр æхе гъæуай кодта, уомæн æма зудта: уæхæн устур бунати ка фæббадуй, уомæн адæм æ алли миуæмæ дæр уæлдай лæмбунæгдæр фæккæсунцæ, е 'знæгтæ ба гæппæрвонгæй фæббадунцæ, мæнæ нур фæррæдуйдзæнæй, мæнæ исон, зæгъгæ. Мæнæ дин уотæ кæмæй зæгъун, мухури аккаг нæ 'нцæ, зæгъгæ, еци къулумпитæ ба ин æнцæ хуæмæтæг адæймаги лæмæгъдзийнæдтæ. Æндæр морæ дæр неци...


**КОРТИАТИ Леван,**
Цæгат Кавкази хуæнхон-металлургон институти профессор

БИЛАРИ рæстæги æз кустон Трансками хонсайраг хайии разамонæгæй. Кæд æма Хонсари хай Гурдзимæ хаудтæй, уæддæр си фулдæр фарстатæ лух кодта Хъæбæлоти Билар. Нади арæзтади райдайæнæй анзи 'рдæг ку рацудæй, уæд техникон фæрæзнитæ Хонсари адтæнцæ мæгур. Æма æз, кустæн дзуапдæттæг, агурдтон аллихузи мадзæлттæ, цæмæй уавæр фæххуæздæр уа. Бацудтæн Гурдзий компартий ЦК-мæ, Санахъоти Гришмæ. Уæд, е еци рæстæги куста партий Гурдзистони ЦК-и партион контроли бæрнон косæгæй. Мæ хабæрттæ ин ку ракодтон, уæд æ усхъитæ базмæлун кодта æма мин бардзурди хузи загъта: «Тагъддæр уайæ Хъæбæлой-фуртмæ!»

Раст зæгъгæй, æндæр республикæмæ мæ проблемитæ хæссун мæнæмæ куддæр æнæбунати кастæй, уомæн æма ци гъуддæгути фæдбæл адтæй мæ цуди сæр, етæ хаудтæнцæ Гурдзимæ. Фал æндæр гæнæн мин нæ адтæй æма рандæ дæн Цæгат Иристонмæ.

Билари косæнуатмæ Челдити Александри хæццæ ку бацудтæн, уæд Емæзай-фурт исистадæй æма нæ размæ рацудæй. Æ уати астæу фембалдан. Раст зæгъгæй, ами дæр фефсæрми дæн, гъома, фиццаг секретарь хумæтæг прораби размæ куд рацудæй. Мæ тухститæ ин ку радзурдтон, уæд Александрæн зæгъуй: «Тагъд, цæугæ Мæскумæ, фембæлæ транспортон министр Соснови хæццæ, цæмæй æ гъос æрдара Хонсари хаймæ!»

Еу-дæс бони рацудæй еци хабарбæл. Æз Дзауи адтæн æма нæмæ уордæмæ Цхинвали æфсæнвæндаги хецау Гойати Васили седуни хузæн фæххабар кодта: «Тагъд, адæм æркæнæ! Мæнæ дин нæуæг техникæ исæрвистонцæ Уæрæсейæй!.. Вагæнттæ исуæгъдæ кæнетæ!..»

Нæ цийнæн кæрон нæбал адтæй. Трансками нади арæзтадæн Билари фæййагъазæн аргъ нæййес. Уой хъæппæрес æма æвæллайгæ архайд ку нæ адтайуонцæ, уæд Транскам дæр нæ адтайдæ! Æма уæд куд адтайдæ ирон адæми хъисмæт!..»


**ÆГЪУЗАРТИ Саукуй,**
(1943-2013)
финсæг, публицист

КÆД ЕСКЕ Иристонæн хъæбæр устур хуæрзти бацудæй, уæд уонæй сæ лæгдæр – Хъæбæлоти Емæзай фурт Билар. Е æ дзилагæн, æ адæмæн догъи куд фæууадæй, е фæллад куд нæ зудта, æхсæвæ-бон куд не 'ртаста, реуæмреу куд тундзтæй æ нисанмæ æма еу уæлахезæй иннемæ куд æндиудæй, куд разæнгардæй цудæй, уомæ абони лæмбунæгæй ку рæкæсай, уæд деси бацæудзæнæ: «Цæйбæрцæ бантæстæй асæй еци минкъий, фал зундæй устур лæгæн? Кæцæй имæ разиндтæй уойбæрцæ хъаурæ, уойбæрцæ лæгигъæдæ, уойбæрцæ нифс æма æхсарæ?!» Æвæдзи нæ еу Хуцау исафта, иннæ Хуцау ба нин Кæсæги зæнхæй æрбарвиста Емæзай фурти æма загъта: «Гъа, Ири бæстæ, мæнæ дин уæ фурти æрветун, хъæбæр рауон-циуон лæг æй æма уин цирагъдарæн исбæздзæнæй».

Æгæрдæр ма нин исбæзтæй. Райдайæнæй кæронмæ æ царди фæткæн еу нивæ искарста: æ бон кæмидæриддæр адтæй, уоми фæлдиста, аразта, адæми хуæздæр цардбæл æ уод нæ аурста.

Хъæбæлоти Емæзай фурт Билар æ адæмæн ци исаразта, æ дзиллитæн ци фæцæй, уой уæнгæ неке ма исхъæрдтæй, æ раз ин неке ма байахæста, æ фæсте республики хецæуттæй ка куста, уонæй æ уæлфадмæ дæр неке исхъæрдтæй.

Дзурдæн байзадæй адæми 'хсæн: «Билари рæстæги атæ уидæ, Билари разамунди фæрци нæ къохи уотæ бафтудæй... Билар æй искодта, Билар байархайдта...»

**Иристони диникустгæнæг интеллигенций зундгонд минæвар, Хетæгкати Къостай æрдхуард Цæликкати Ивани фурт Александри райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй фарастинсæй анзи (1841-1911).**

*Абойти Заурбег... Хузæгæнæг æма финсæг, æхсæнадон архайæг æма уарзон хъæболæ Иристонæн. Нæ адæмæн кадæ кодта Мæскуй цæргæй æма косгæй. Адтæй Моссовети депутат, устур кадæгонд ин цудæй мæскуйаг исфæлдистадон дзилли 'рдигæй дæр. Мадта куд уарзта Иристон, ирон адæми! Мæскуйæй æ райгурæн бæстæмæ цуазæгуати ку 'рцæуидæ, уæд*



## КÆМ ДÆ?

**Абойты Зауырбегæн**

*Хъæбул йæ уарзт ныййарæгыл нæ ивы,*
*Фæлæ нæ дæ, æвæццæгæн, æвыд...*
*Кæм дæ, Зауыр, кæд ма дæ цæст æрттивы,*
*Цы хæлæг кæныс махæн уæд дæ уынд?*

*О, мысынц дæ нæ Иры урссæр хæхтæ,*
*Фæзмы дæ зарæг знæт дæтты хъæлæс.*
*Дæу та нæхимæ нал хæссынц дæ къæхтæ,*
*Æви дæ ферох рагфыдæлты къæс?*

*Зауырбег, нæ, ды ахæмтæй нæ уыдтæ,*
*Нæ Ирыстон дæ удлæууæн уыдис.*
*Ирон дзырдты æхцон зæл дæ рæвдыдта,*
*Поэзийы зынг де уæнджы сыгъдис.*

*Фæдисы хъæр ирон адæммæ кодтай,*
*Цæмæй кæрæдзи бамбарæм хуызæр.*
*Æгъдау æмæ фыдæлты стыр фарн домдтай*
*Хорз циу, зылтай, æвзæр дæм каст æвзæр.*

*Уыд аивад дæ рухс сæууон ыстъалы,*
*«Кæм дæ, кæ?» – сидынц де 'рдæгконд нывтæ.*
*Мæ зæрдæмæ мын сау сагъæс æвналы,*
*О не 'фсымæр, дæ рисæй ам рыст дæн.*

*Кæд ма æрттивы хуры цæст дæ сæрмæ,*
*Нымад ма дæ, о, цæрæццæгтыл кæд?*
*Дæумæ сидæм, дæумæ, Зауыр, нæ хъæрмæ*
*Фæзын рæхджы нæ Иры дзыхъмæ уæд!*

*Æмæ та хæхты азæла дæ зарæг,*
*Рæвдауа нæ дæ рухс цæстыты арт.*
*Кæд нал дæ... Фод нын хурæргом дæ марæг,*
*Фыдыуæзæгыл сæмбæлæд дæ мард!*

**Балаты Альберт**



## ДАГЕСТАН МÆН ДАГЕСТАН ДÆР ÆЙ!

АБОЙТИ Заурбегæн хæлардзийнади бастдзийнæдтæ адтæй аллихузон адæмихæттити минæвæрртти хæццæ, уæлдай зæрдтагондæр æрдхуæрдтæ ба ин адтæй дагестайнæгти 'хсæн. Уой туххæй кæддæр ниффинста мæнæ аци уац дæр.

***

Дагестани хæццæ мæн – алайнагирони айдагъ Кавкази хуæнхтæ, Терк, хуæнхаг сатæг уæлдæф нæ еу кæнуй, фал, фиццагидæр, мах кæрæдзей хæццæ еу ан нæ уодварни гъæздугдзийнæдтæй, не 'хсæн федарæй-федардæр æма хъаурæгиндæр кæнунцæ исфæлдистадон бастдзийнæдтæ.

Æз мæхе хъæбæр амондгун хонун. Мæскуй хузæгæнгути уæлдæр ахургæнæндони фæстаг къурси ку ахур кодтон, уæд мин центрон рауагъдадæ «Детгиз» бабарæ кодта, цæмæй иллюстрацитæ искодтайнæ... Кæмæн, зæгъгæ, мæ фæрсетæ?.. Гамзат Цадасайи æмдзæвгити æмбурдгондæн. Уой æз нимайун мæ хуæрзгæнæгти цаубæл – уæд уой фæрци ме 'сфæлдистадон надбæл ракодтон мæ фиццаг амондгун къахдзæф. Е адтæй 1957 анзи.

Еци хабар хуæрзгæнæгбæл ба уомæ гæсгæ нимайун, æма, Гамзат Цадасай æмдзæвгити æмбурдгонд «Цард» мухури ку рацудæй, уæд мæмæ берæ курдиæдтæ цæун райдæдта Мæскуй иннæ рауагъдæндтæй дæр.

Æз дæр мæ дустæ арф бахаттон æма уæдæй абони уæнгæ иллюстрацитæ искодтон сæдæ киунугемæн – сæ фулдæр кавказаг республикити, крайти æма облæстти автортæ. Уæлдай фулдæр иллюстрацитæ ба искодтон дагестайнаг фингути киунугутæн – Гамзат Цадасайæй уæлдай ма мæ рагон æрдхуард Расул Гамзатови, Ахмедхан Абу-Бакари, Юсуп Хаппалаеви, Магомед-Султан Яхьяеви, Дмитрий Трунови, Амир Курбанови, Керим Отарови, Людмилæ Серастановай, Ибрагим Керимови, Кармис Досанов æма иннæ фингути киунугутæн.

Зæгъæн ес, æма уæд, 60-аг æнзти æз тæккæ фулдæр иллюстрацитæ искодтон дагестайнаг авторти киунугутæн, минкъийдæр ба мин рауадæнцæ, нæхе, ирон фингути киунугутæн ци иллюстрацитæ искодтон, етæ.

Дагестани мин айдагъ фингутæй нæййес æрдхуæрдтæ, фал мин си берæ зонгитæ ес сæ искурдиадæгин хузæгæнгутæй дæр. Уони 'хсæн мæ бон ранимайун æй Муртуз, Салават, Газали-Дибир æма иннети.

Еудзурдæй, мæхе хуæдæнсувæри цард кæнун Дагестани исфæлдистадон интеллигенци æма зингæ 'хсæнадон архæйгутæй берети хæццæ. Мæнмæ гæсгæ, е амонд æй, уæхæн æцæг хæлардзийнадæй хайгин ке дæн.

# ТÆХОДУЙ ÆМА МÆ БÆЛДИТÆ КУ ИСУАДЗИУОНЦÆ ЦЪÆХ ТАЛАТÆ!..

Еу адæм сæ хуæздæрти ку уинонцæ æма син гъæугæ хузи ку кадæ кæнонцæ, уæд е æхцæуæн куд нæй!.. Фал, æвæдзи, никки æхцæуæндæр е æй, æма ма иннæ адæмти цæстиварди дæр ку уонцæ, етæ дæр сæ рæстуодæй ку цитгин кæнонцæ.

Дзиллити уæхæн боздзийнадæй æнхæстæй фæххайгин æй нæ алæмæти искурдиадæгин æма æхсæнадон архайæг Абойти Петри фурт Заурбег. Уомæн æвдесæнæн æрхæссæн берæ дзурддзæугæ адæймæгути гъудитæ. Зæгъæн, номдзуд Расул Гамзатов кæддæр мæскуйаг агъазиаудæр газеттæй еуеми уотæ финста: «Мæнæн устур бæрæгбони хузæн фæууй, Абойти Заурбеги нæуæг кустити хæццæ ку базонгæ ун, уæд.

Е хъæбæр хуарз æма арæхстгинæй æвдесуй Кавкази цæрæг адæмти историон цаутæ, уæлдай хъæбæрдæр ба арæхсуй Нарти кадæнгити архайгути фæлгонцтæ аразунмæ. Амæй размæ Абойи-фуртæн Мæскуй ци кустити равдист байгон æй, уобæл адæймаг æ цæстæ лæмбунæг ку рахæссуй, уæд æ бон федарæй зæгъун æй: ирæзуй бонæй-бонмæ хузæгæнæгти искурдиадæ. Уæлдай хъæбæрдæр ба ма деси æфтаунцæ Устур Фидибæстон тугъди цаутæ æма, Иристони алæмæти æрдзи тухххæй ци дессаги нæуæг уадзимистæ исараста, етæ. Мæ зæрдæмæ никки хъæбæрдæр ба цæуй, е ирон литератури бундорæвæрæг Хетæгкати Къостай тухххæй ци зæрдæмæгъаргæ портрет исхузæ кодта, е. Адæймагмæ уотæ фæккæсуй, цума имæ цитгин поэт нуртæккæ хузæй исдзордзæнæй... Берæ, хъæбæр берæ арфи дзурдтæ зæгъæн ес искурдиадæгин хузæгæнæг, мæ хуарз хæлар Абойти Заурбеги тухххæй. Рæствæндаг уо!»

Бæргæ зæрдиагæй райарфæ кодта курухон Расул æ кæстæр æнсувæр Заурбегæн рæствæндаг уо, зæгъгæ, фал... Фал.. Ци загъдæуа карнæн, нæ æригъуста еци арфæмæ, нæ 'й исаккаг кодта Абойти разагъди лæгæн... Зумæги, дан, арв нæ гъæр кæнуй. Æгæрдæр ма гъæр кæнуй, уодтæ æгæрдæр ма зæрддзæф кæнуй... Гъе уотæ фегуппæг ан, 2000 анзи феврали, ци æнамонди хабар райгъустæй, уомæй – еци цъемос бæнтти Мæскуй æбæрæгæй фесавдæй Абойти Заурбег... Айдагъ Иристони адæм нæ хъонц кодтонцæ, фал Мæскуй дæр æма ма берæ рауæнти дæр, Заурбеги кадæриддæр зудта, уæдта ин æхе коммæ ка нæ зудта, фал е 'сфæлдистадæ хæстæг кæмæн адтæй, етæ дæр. Уæдæй абони уæнгæ рацудæй æхсæрдæс анземæй фулдæр. Æхсæрдæс уæззауæй-уæззаудæр уаргъи хузæн нæ зæрдитæбæл уæзæ кæнуй æ карни æбæрæгдзийнадæ: ци 'рцудæй, ци бацæй, кæми 'й агорæн... Нæбал æй, зæгъгæ, зæгъунбæл дæр ку нæ арази кæнуй зæрдæ, æхуæдæг дæр нæмæ ку некæцæй зиннуй.

... Мæнæ 'й минкъий раздæр куд бахансæ кодтан, уотемæй Абойти Заурбег айдагъ искурдиадæгин хузæгæнæг нæ адтæй, фал ма дессаг æскъуæлхтæй поэзий дæр, е 'мдзæвгитæ ахид мухургонд дæр цудæнцæ. Уонæй еуеми уотæ финста:

*Тæходы 'мæ мæ бæллицтæ*
*Куы суадзиккой цъæх талатæ,*
*Нæ иумæйаг дыргъбæласыл*
*Куы æрзаид хæрзад дыргътæ,*
*Куы æрхонин нæртон куывдмæ*
*Æз иууылдæр нæ адæмы,*
*Æмæ фæрнæйдзаг зарджытæ*
*Куы айхъуысид нæ хæхбæстыл!..*

Нæбал ин бантæстæй æ еци фæндæ исæнхæст кæнун, æ уарзон Иристони, æ хъæзар æмзæнхонти хæццæ нæртон кувди фæццийнæ кæнун, фæрнæйдзаг зартæ фæккæнун...

Аци анз 1 августи Уæрæсей Федерацийæма нæ республики адæмон хузæгæнæг, Абойти Заурбеги райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи.

Æма ин æ ном иссерун нæхецæн банимадтан, æнæмæнгæ, исæнхæсткæнуйнаг ихæсбæл æма мухур кæнæн, Абойти Заурбеги конд хузтæ, уæдта æ финст уац æма æмдзæвгитæ.

*фурцийнæй æхецæн бунат нæбал еридæ: зилдæй нæ хуæнхтæбæл, нæ гъæутæбæл, нæ сахартæбæл. Фулдæр кодта е 'сфæлдистадон тухæ, æ искурдиадæ æ фидтæлти, æ раттæг адæми зæнхæбæл. Æ куститæй исаййеу кодта ирон финсгути аййевадон уадзимистæ...*
***ЦГЪОЙТИ Хазби, журналист, финсæг.***




Хуæнхаг


Хетæгкати Къоста.


А.С. Пушкин


Василий Шукшин

## ИРЫСТОН

Ирыстон,
Райхъал у дæ фынæй!
Дæ цардыуаг дæ къухтæм райс.
Куыд хъуыса зарæг хохрæбынæй –
Ирон зарæг,
Ирон ныхас.
Фыдæлты хорз зарæг
Куыд зила
Дæ сæрмæ, раст цыма цæргæс.
Дæ кадджын фæндагыл цæугæйæ,
Æдзух дæ развæндагмæ
Кæс!
Сыгъдæг дæ уд æмæ дæ зæрдæ, –
Куыд никуы фæчъизи уой,
Куы!
Уо, уæд кæйдæр уайдзæф:
«Æвзæр лæг!»
Дæ уæлæ не 'рхæцдзæн
Бæгуы.
Дæ рагон фыдæбæттæ ма мыс –
Дæ фæстæ баззайæнт кæмдæр.
Куыд никуы 'ркъул кæнай дæ сæр
Гъе, афтæ уæд бæрзонд дæ намыс.
*Мæскуы, 1999 аз*

## ТÆХУДЫ

– Нæ хæхбæстæ, нæ Ирыстон –
Ыскæсæнæй ныгуылæнмæ,
Зæгъ-ма мын, цæй, дæ хорзæхæй,
Цæмæн дæ 'нхъæлмæгæс
Сывæллонæн йæ райгуырдмæ?
Кæд райгуырид æцæг ирон –
Йæ ном уаид – нæртоны ном!
Уырызмæгау – ыстыр зондджын,
Батырадзау – хъæбатыр гуырд,
Алæджыхъотæй – сагдæр лæг,
Цæразонтæй та – кадджындæр!
Кæд самаид бæрзонд мæсыг
Нæ хæхбæсты ирон дурæй.
Кæд сырæзид фæдисы лæг
Йæхи фыртæй Фыдыбæстæн.
Кæд басгуыхид уый ахæм гуырд
Фæтк сæвæрид Ирыстоны,
Æмæ нал калид ныййарæг мад
Хъæбулы мардыл хъарм цæссыг,
Æмæ нал хæлид ирон мæсыг,
Ирон гæнах йæхи дурæй!
Фыццаджы хуызæн хистæрæн
Кæд райдаиккам кад кæнын,
Кæд базоникам раздæрау
Æгъдау дæттын сылгоймагæн.
Нæхи пайдайæн хатдзæгтæ
Куы кæниккам нæ рæдыдæй,
Кæд базоникам фидæнмæ
Тæккæ хуыздæр фæндаг арын.
Тæхуды 'мæ мæ бæллицтæ
Куы суадзиккой цъæх талатæ,
Нæ иумæйаг дыргъбæласыл
Куы æрзаид хæрзад дыргътæ,
Куы æрхонин нæртон куывдмæ
Æз иууылдæр нæ адæмы,
Æмæ фæрнæйдзаг зарджытæ
Куы айхъуысид нæ хæхбæстыл!

* * *

Нæ дуг – æлгъыст æмæ фыдбылыз…
(Сызгъæрин чиныджы дæр фыст).
Мæ фæд мæ цæссыгæй ныхxуылыдз,
Мæ зæрдæ нал уромы рыст...

Кæцырдæм алидзон – нæ зонын…
Кæмæ ныхъхъæр кæнон фæдис!
Мæ хъысмæт хаттæй-хатт фæзонын,
Ныр мын – дыууæ дихы фæцис!

Йæ иу дих атахти уæларвмæ –
Æнусон царды уаг кæм ис,
Ныххауди йе 'ннæ хай – дæлдзæхмæ,
Æнцондæр фæцæуæн æм ис...

Фæлæ мæхи мæт æз нæ кæнын,
Мæ хъысмæт – гъа, цы фæнды уæд!
Мæ кæстæрты сагъæс фæкæнын,–
Цы цин сын баззайдзæн, цы фæд!
*Мæскуы, уалдзæг, 1998 аз.*

## ФÆДИСЫ ХЪÆР

Фæфæнды мæн:
Цæмæй
Ирон ироны 'мбара
Æмæ йын ма кæна
Зæрдæрыст дуджы маст...
Цæмæй ирон,
Кæд ын зын у, уæддæр
Ироны рæдыд бара,
Йæхи аиппау...
Цæмæй ирон,
Йæ царды уаг уа, йе 'гъдау
Кæна, нæ фыдæлтау, иронау!
Кæй нæ фæнды
Ирон фарнæй цæрын,
Æндæр фæткæй йæ чи ивы,
Нæу уый та, нæу Ирон!
*Мæскуы, 1997 аз.*

* * *

Нæ хæхтæ хуры рухс нæ ивынц!..
Лæууынц нæ тар мигътæй уæлдæр!..
Сæ бæрзонд цъуппытæ æрттивынц...
Мæйрухс стъалытæй хуыздæр!

Сæ цъæхснаг зарæгмæ сын хъусæм
Нæ кæмттæ сын ысты хъырнæг...
Сæ зардмæ хъусгæйæ фæкусæм!
Нæ фæллад уадзæн та – æрнæг...

Бæрзонд къæдзæхы 'рнæгыл бадгæ
Нæ сихор равæрæм нæ разы
Æмæ нæ кæрæдзимæ хатгæ,
Фæбадиккам иу-цалдæр азы!

Фæлæ нæм хъæуы хистæр лæгтæ
(Сæ номыл ацыдыстæм зиумæ)
Кæсынц æнхъæлмæ... дуртыл бадгæ...
Æхсæвæр бахæрынмæ – иумæ!

Цы ис хуыздæр нæ зиуы куыстæй!
Къæдзæхы бынты хос кæрдынæй...
Хуыцау нæ бахизæд æгуыстæй
Стæй ноджы – куръæггаг кæрдзынæй!..
*Зæрæмæг, 1990 аз.*

## НÆ МÆСЫГ, МА 'РХАУ!

Мæ цард мæ зæрдæйæ у баст
Дæуыл, Ирыстон!
Дæ урссæр хæхтæм иу ыскаст–
Æгъгъæд мæ рыстæн!

Ызнонау нал хъуысы дæ зарæг,
Нырхæндæг зæрдæ.

Мæрдтæн æнцондæр у мæнæй, –
Дзæнæты бадынц...
Кæнынц... æнæмæты фынæй...
Кæм ис мæ уадындз?!

Æз сæм фæдисы хъæр кæнын, –
Цæмæй мæ хъусой,
Мæ уадындзы æмзæл кæуын
Æдзæссыгхуызæй,

Кæд раздæхиккой искуы, кæд
Сæ рухс дзæнæтæй,
Цæмæй нын равдисой сæ фæд.

Нæхæдæг нал уынæм цæстæй –
Нæй разамонæг...
Гъе уымæн æз мæлын мæстæй –

Ды уыдтæ, ды, æмæ ды дæ
Мæ дин, мæ аргъуан.
Æз-иу дæм кувынмæ цыдтæн, –
Нæ мæсыг, ма 'рхау!
*Мæскуы, 1999 аз.*

## ХУЫЦАУЫ АРФÆ

О, фарн дæм бадзура,
Мæ удынцой Ирыстон,
Аланты рухс ном
Бакодтон дæ бар!

Æмæ дын æз
Мæ арфæтæ ныффыстон
«Сызгъæрин чиныджы»
Иронау, 'мæ сæ 'мбар!

Къостайы зонд-ныхасмæ
хъусут!
Кæрæдзийыл уæхи –
бæттут!

Уæ фыдæлтау
Уæ кадыл кусут
Кæрæдзийæн
Уæ уд дæттут!

Уæлдайдæр та
Уæ зæрдыл дарут
Уæ фыдæлты стыр фæдзæхст –

Æвзæр кæстæры
Макуы 'взарут,
Æвзæр хистæрмæ
Дарут цæст!
Æмæ уын уæд æгас Кавказ
Уæ кадыл зарджытæ кæндзæн.


Хъуырройтæ. Æдзард тугъдонти номерæн


Скульптор Тауасити Сослæнбеги хузæ


Владимир Высоцкий


Къасара

*Зундгонд журналист ДЗАМПАТИ Маирбег (гъулæггагæн, е дæр абони цардæгас нæбал æй...) кæддæр уотæ финста: «Мæрзойти Хъазбеги ка зудта, уонæн сæ зæрдитæй нæ хецæн кæнунцæ æ рохс ном, æ фæлмæн бахудт. Никки ба ма бахъонц кæнунцæ – цæмæн рандæй уотæ раги е 'цæг дуйнемæ адæмæн уарзон, дессаги хуарз адæймаг,*




Æрыдоны районы Хетæгкаты Къостайы номыл колхозы кусджыты къорд. Фыццаг рæнхъы (рахизæрдыгæй галиуæрдæм): Мæрзойты Хъазбег, колхозы къанторы кусджытæ Магкæты Разиат æмæ Куыдзæгты Уалент; лæууынц: Кадзаты Евген, бухгалтер Бирæгъты Кирилл, парторг Мурасты Чермен æмæ агроном Тъуриты Валодя.

# ЙÆ РУХС НОМ ÆМÆ КАД АДÆМЫ ЗÆРДÆТЫ ÆНУСТÆМ ЦÆРДЗЫСТЫ...

## СОЦИАЛИСТОН ФÆЛЛОЙЫ ХЪÆБАТЫР МÆРЗОЙТЫ ХЪАЗЫБЕДЖЫ МЫСГÆЙÆ



ДЗУГАТЫ-МУРАСТЫ Риммæ,
Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг

ХОРЗ адæймаджы кой дардмæ хъуысы. Йæ кад, йæ намыс та азты фæлтæртæн фарнхæссæг сты.

Мæрзойты Хадзымуссæйы фырт Хъазыбеджы тыххæй дзурын иуæй æнцон у, иннæмæй – бæрнон хæс. Йæ райхалынил рагæй хъуыды кодтон, фæлæ къухы не 'фтыд. Мæ сабийы бонтæй фæстæмæ алы бон кæй уыдтон (иу сыхбæсты цардыстæм), йæ цард, йæ хорз хъуыддæгтæй хъæубæсты фарн æмæ кад бæрзонд чи систа, адæмы иудзинадыл чи архайдта, йæ дæлбар хæдзарды рæзтæн æппæт мадзæлттæ чи арæзта, йæ бакаст æмæ конд лæджы аргъ кæмæн уыдысты, куырыхон хистæр, уарзон фыд æмæ цардæмбал, тæхудиаг сыхаг æмæ æмгар чи уыд, йæ царды уалдзæджы ауæдзы нæмгуытæ йæ фæззæджы бæркадджын фæллой кæмæн радтой æмæ фæзминаг лæгæй чи баззад Ирыстоны, йæ хъæубæсты, Æрыдоны районы цæрджыты 'хсæн, йæ ном зарджыты заринаг кæмæн сси, Социалистон Фæллойы Хъæбатыры кадджын ном чи райста, уыцы Мæрзойты Хадзымуссæйы фырт Хъазыбеджы тыххæй нывæндздзынæн мæ мысинæгты къуыбылой. Кировыхъæуы азфысты кæд исчи ахсджиаг бынаты аккаг у, уæд Мæрзойты Хъазыбеджы ном лæудзæн уыцы номхыгъды фыццæгты æмрæнхъ.

Райгуырдис 1926 азы 13 мартъийы Æрыдоны районы Кировыхъæуы зæхкусæджы хæдзары. Йæ фыд Хадзымуссæ æмæ мад Баситы Анутæ (Нана) дæс хъæбулы ныййарджытæ. Сывæллæттæй астæй рацыдысты царды рæсугъд фæндæгтыл. Ныййарджытæ сæ сахуыр кодтой ирон хæдзары скъолайы æгъдæуттыл, фæллойуарзаг æмæ адæммæ уарзондзинадыл. Кæд мæгуыр царды уæззау уаргъ хастой, уæддæр хъæубæсты мидæг нымад уыдысты уæздан æмæ хæрзæгъдау бинонтыл.

1943 азы цоты хистæр Хъазыбег каст фæцис иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ Кировыхъæуы 9-азон скъола. Мæ мад, Мамиаты Заретæимæ уыдысты иукъласонтæ. Йæ мысинæгтæм гæсгæ: «Ахуыры æмæ æхсæнадон царды уыдис фæзминаг. Уæлдай хуыздæр æнтыстытæ йын уыд математикæйæ – нæ ахуыргæнæг уыд уырыссаг сылгоймаг Мартæ Фроловнæ, йæ мыггаг ын нал хъуыды кæнын. Не 'мкъласон Гогаты Хъазыбегимæ сын æмбал нæ уыд хынцинæгтæ хынцынмæ, æппæты разæй-иу сæ ацæттæ кодтой. Нæ ахуыргæнджытæ диссаджы фæзминаг уыдысты алы хъуыддаджы дæр, сæ сæргъыл – скъолайы директор, химийы ахуыргæнæг Реуазты Маня. Ахуырады сæргълæууæгæй куыста Гаджиты Дианоз. Козаты Егор æмæ Хозиты Федя сæхæдæг куыд бирæ уарзтой ирон æвзаг æмæ литературæ, афтæ йæ махæн дæр бауарзын кодтой. Уырыссаг æвзаджы сусæгдзинæдтæ та нын æргом кодта æрыгон ахуыргæнæг Нинæ Ивановна. Боциты Ладо та нын черченийы уроктæ лæвæрдта. Скъолайы æмæ районы алыхуызон олимпиадæты, спортивон ерысты, фæскомцæдисонты слетты, колхозæн сæрды бонты æмæ фæззæджы фæллой æфснайыны рæстæг, скъоладзауты бригады уæнг уæвгæйæ, Хъазыбег кæдфæндыдæр уыд раззагдæрты рæнхъы. Фæллой – царды фæрæз кæй у, уый, æвæццæгæн, уыцы рæстæг банкъардта. Æнгом къæлас уыдыстæм, кæд мæгуыр цардыстæм, уæддæр ахуырмæ разæнгардæй цыдыстæм, æфсымæртæ æмæ хотау уарзтам æмæ аргъ кодтам кæрæдзийæн. Не 'мкъласонты номхыгъды уыдысты: Сихъоты Хадзымуссæ, Суанты Веркæ, Мамиаты Женя, Гаджиты Витя, Кучиты Тимофей, Токты Верычкæ, Æмбалты Костя, Челæхсаты Махар, Сихъоты Надя, Моурауты Женя æмæ иннæтæ».

Астæуккаг скъолайы фæстæ Хъазыбег куыста трактористæй колхозы, стæй – Æрыдоны МТС-ы тракторон бригады хыгъдхæссæгæй. 1947-1948 азты сахар Орджоникидзейы сахуыр кодта бухгалтеры курсыты æмæ секретарæй куыста Садоны советы æхххæсткомы, астæуккаг скъолайы та – бухгалтерæй.

1951 азы Советон Цæдисы Æфсады рæнхъыты службæйы фæстæ Хъазыбег райдыдта кусын колхозы сæйраг бухгалтерæй.

1954-1956 азты фæсауuон ахуырмæ бацыд Цæгат-Ирыстоны хъæууон-хæдзарадон скъоламæ, 1956-1957 азты та – уæлдæр партион скъоламæ (Совпартшкола). Ахуыр æмæ фæллой Хъазыбегæн систы царды дыууæ базырау. Уыдон ын лæвæрдтой ныфс рæсугъд фидæнмæ тырнынæн. Бонæй-бонмæ йæ фæлтæрддзинад æмæ зонындзинæдтæ уæрæхдæр кодтой. Назраны хъæууон-хæдзарадон техникум каст фæци фæсаууонмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. 1970 азы та – Хæххон хъæууонхæдзарадон институты экономикон факультет. Йæ фæстæ уагъта хорз фæд, уыд фæзминаг йæ алыварс цы æмгæрттæ æмæ кæстæртæ уыд, уыдонæн.

Мæрзойы-фыртæн гуырдзæй нæ баззад хъæздыгдзинады хордзен, уый хыгъд йæ удварн æххæст уыд ирон фарн, ирон æгъдау, уæздандзинады æууæлтæй; фæзминаг – алы хъуыддаджы. Æрдзон курдиат та йæм уыд æхсæны куыстмæ, разамонæджы дæсныйадмæ, адæмимæ цæрынмæ. Йæ фæлмæн бахудт æмæ рæвдыд ныхасæй-иу адæймаджы тыхст æрбайсæфт æмæ-иу дзы ныфс бауагъта, æххуысхъуагæн та-иу йæ курдиат баххæст кодта. Зыдта адæмимæ ныхас кæнын, æмбæрста алкæмæн дæр йæ рис, йæ сагъæс. Хайджын уыдис фæзминаг ирон лæджы миниуджытæй. Æвæццæгæн ын уый Хуыцауæй лæвæрд уыдис. Лæвархортæ æмæ магусатæн та никуы барста.

Хъæубæстæ йын хистæрæйкæстæрмæ кодтой стыр аргъ, æууæндыдысты йыл æмæ 1957 азы колхозы активы уынаффæмæ гæсгæ, уæлдайдæр Козаты Сафонкайы хъæппæрисæй, æвзæрст æрцыд колхозы сæрдарæй. Хъазыбег уыцы аз йæхицæн стыр хæсыл банымадта Советон Цæдисы Коммунистон партийы рæнхъытæм бацæуын. Йæ хъæубæсты æууæнк æмæ бæрнондзинад йæ алы уæнгæй дæр æнкъардта æмæ йæ бон куыд уыд, афтæ лæггад кодта йæ дæлбар хæдзарады рæзтæн фылдæр хорздзинæдтæ сарæзыныл. Кировыхъæуы хæсты ветерантæ æмæ йæ цæрджытæ стырæй-чысылмæ дысфæлдæхтæй архайдтой хæдзарады рæзтыл, ног амондджын цард арæзыныл. Æрыгон сæрдары фарсмæ æрбалæууыдысты колхозы фæлтæрдджын активон куырыхон хистæртæ: Къозонты Къоста, Хъæйтмазты Къоста, Козаты Сафонка æмæ Спиридон, Гаджиты Матвей æмæ иннæтæ. Уый лæмбынæгæй хъуыста йæ разæй кусæг куырыхон разамонджытæм, пайда кодта сæ зонындзинæдтæй. Сæ сарæзт бынтæ бæлвырдæр кодта æмæ сæм æфтыдта арæхстгай цардæ домæнтæм гæсгæ цардæгас хæрзиуджытæ.

Бонæй-бонмæ уавæр хуыздæрæй-хуыздæрмæ цыд, фæллойадон æгъдау фидар кодта, разæнгардгæнæн фæрæзтæ арæзт цыд бригадæты 'хсæн æмæ иумæйагæй фæллойгæнæг адæмимæ куысты мидæг цæлхдууртæ иуварс кодтой. Фæзынд иудзинад адæм æмæ хицауады астæу дæр. Колхозы активисттæ: Дзалаты Солтан æмæ Гаппо, Сихъоты Кота æмæ Адæбе, Мурасты Чермен, Козаты Гуыбе, Гаджиты Алыбег, Бирæгъты Кирил, Куыдзæгты Уалент, Къадзаты Евген, Тъуриты Валодя, Андрей Дьяченко, Баситы Замирæт, Гаджиты Ксеня, Магкаты Разиат, Дзалаты Наталья æмæ иннæтæ, фидар цæджындзтау, æрбалæууыдысты Хъазыбеджы алыварс æмæ удуæлдайæ архайдтой хъæздыг тыллæг æрзайын кæныныл алыхуызон халсартæй: нартхор, цæхæра, джитъри, бадырджан, сысджы, мæнæу, харбыз æмæ афтæ дарддæр. Уыдонæй уæлдай ма быдырты тыдтой гæн. Ацы культурæйы куыстæй бæлвырд фылдæр æфтиаг хауын райдыдта хæдзарады къазнамæ æмæ хъæуы цæрджытæм. Цард хуыздæрæй-хуыздæр кодта экономикон æмæ культурон æгъдауæй. Цыбыр рæстæгмæ Хъазыбеджы рæстад разамынды фæрцы колхоз йæхиуыл фæхæцыд æмæ хæдзарад æнтыстджынæй æрлæууыд районы колхозты раззагдæрты æмрæнхъ. Йæ уæлахиздзау кусджытæ та-иу æрвыст æрцыдысты Мæскуымæ Адæмон Хæдзарады Æппæтцæдисон Равдыстытæм (ВДНХ).

Куыд хæдзардзин разамонæг, кæстæртыл аудæг, Хъазыбегæн уыд бастдзинад Ирыстоны институтты æмæ техникумты ректортимæ. Уыдоны 'хсæн цыд ерыстæ фæззыгон быдырон куыстыты тыллæг æфснайыны рæстæг Хъазыбеджы колхозмæ чи ацæуа, ууыл. Уымæн æмæ Хъазыбег архайдта æрмæст хæдзарадæн пайдайы охыл нæ, фæлæ алы æгъдауæй дæр аккаг социалон фадæттæ саразыныл студенттæн. Уымæн æмæ ацы фæсивæды бавнæлд пайда уыд колхозæн экономикон æгъдауæй хъæздыг хорæрзады бафснайдæн афоныл. Студенттæм та быдырон куыстытæ æвзæрын кодтой уарзондзинады æнкъарæнтæ фæллоймæ, стæй – кусæг адæймагмæ.

Цал æнæхуыссæг æхсæвы арвыста, æвæдза, Хъазыбег йæ адæмы царды уавæртæ фæху-



Мæрзойты Хъазбег æма Хетæгкаты Къостайы номыл колхозы раззагдæр кусджытæ: Дзалаты Бабуца, Еналдыты Асинет, Туаты Махарбег, Гогаты Наташæ.

Фондз æма астинсæй анзей размæ (1856 анзи) Киристонгъæуи саугин Иоанн Мревлов байгон кодта фиццаг скъола. Æ фатер равардта ахурдзаути цæрæнуатæн æма 'й дардта æхе кадавар фæрæзнитæй.

***архæстгин æма хъæппæресгин разамонæг... Цæйбæрцæ æма цæйбæрцæ хуарз гъуддæгутæ ма исаразтайдæ æ уарзон Иристон æма æ гъæубæстæн абони уæнгæ ку фæццардайдæ, уæд. Уогæ ба, Мæрзойти Хъазбег берæ хуарздзийнæдтæй æ фæсте ниуагъта арфиаг фæд, кæд æ царди нæдтæ гургъахъ æма вазуггин адтæнцæ, уæддæр...»***

ыздæр кæныны охыл. Æмæ сын йæ царды хуыздæр азтæ дæр уымæн снывонд кодта. Æрмæст Кировыхъæуы, Хетæгкаты Къостайы номыл колхозы сæрдарæй бакуыста 27 азæй фылдæр. Йæ хъæубæстæн цы хæрзты бацыд, уыдон чысыл не сты, нымайæг сæ нымад нæ фæуыдзæн. Сæ сæйрагдæртæй иу, æрдзон газ кæй фæзынд, иннæ – хъæуы уынгты æфсæйнаг хæтæлтыл кæй рацыд нуазыны дон, адæм сæ ведратимæ иу тигъæй-иннæмæ цъайтæй дон кæй нал хастой. Уый цас удæнцойдзинад æрхаста цæрджытæн!

Базарады экономикæйы рæстæджы хъæууон хæдзарады тыхджын райрæзтæн цæлхдуртæ куыд нæ уыд, фæлæ та-иу Хъазыбег йæ куырыхон зонды фæрцы ссардта ног амалттæ сæ аиуварс кæнынæн. Йæ фæрцы æхсайæм азты колхозы сарæх мæркусæн техникæ дæр.

Ног скъола, ног культурæйы хæдзар, алыхуызон дуканитæ, уæлæйы дзаума æмæ дзабыртæ хуыйæн цехтæ, библиотекæ, æхсыры-товарон, лыстæг фосы, цъиутæдарæн фермæтæ – иууылдæр арæзт цыдысты кусæг лæджы царды уаг фæрогдæр кæнынæн. Уæдæ хъæуы уынгтæ æмæ фæндæгтæ дæр саив сты. Цæрджытæй бирæтæн бантыст цæрæн хæдзæрттæ саразын колхозы æххуысæй. Зæгъæм, Хъазыбеджы фæндонмæ гæсгæ, правлени рахаста уынаффæ, поэт Туаты Сергейæн колхозы хардзæй арæзт куыд æрцæуа дыууæуатон хæдзар зæххы хайимæ. Ацы фæндон царды æххæст дæр æрцыд. Ахæм хабæрттæ иу æмæ дыууæ нæ уыдысты Мæрзойы-фырты æнæрынцой куысты. Бонæй-бонмæ йæ царды рифтаг дзагæй-дзагдæр кодта фæзминаг хъуыддæгтæй.

Уæдæ скъолайы рауагъдонтæй цал æмæ цалæн баххуыс кодта институттæ æмæ техникумтæм бацæуынæн. Уыдон сты дæсгæйттæ æмæ йын абон дæр йæ рухс ном хорзæй мысынц.

Зæрдæйы фæндиаг цыдысты куысты хабæрттæ æмæ йæ кæддæры бæллицц: «Æз хъуамæ ацы хæдзарад афтæ размæ ракæнон æмæ йæм фæсарæнтæй дæр уынæг куыд цæуой». Æмæ йын ахæм рæстæг дæр скодта йæ хæлар ахастдзинæдты фæрцы. Æрмæст нæ республикæйы хæдзарадтæ нæ, фæлæ ивгъуыд æнусы 60-æм азты фæсарæйнаг уазджытæ Бирмæ æмæ Болгарийæ нæ республикæ куы бабæрæг кодтой, уæд сæ уæлдæр хицауад Хъазыбеджы колхозмæ æрхуыдтой, куыд раззагдæр æмæ фæзминаг хæдзарадмæ. Фæсарæйнаг уазджытæ стыр аргъ скодтой хæдзарады æнтыстдзинæдтæн, йæ экономикон, социалон æмæ культурон рæзтæн. Æмæ сæ фæзминаг дæнцæгæн дарддæриу парахат кодтой сæ бæстæты.

Адæймаг цас фылдæр зона, цас хорз адæмтимæ æмбæла, уыйас йæ зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад хъæздыгдæр кæнынц. Хъазыбег та ахæм хæларзæрдæ, къæбæрдæттон адæймаг уыд, æмæ йын Ирыстонæй-Мæскуымæ, Советон Цæдисы алы сахарты, суанг ма фæсарæнты дæр хорз зонгæтæ æмæ æрдхæрдтæ кæм нæ уыд, ахæм ран зын ссарæн уыд.

Уыдис ын парахат бастдзинæд Горькийы номыл автомобилон заводы хицауимæ дæр. Сæ лымæндзинады фæрцы йæ дæлбар колхозы цыдæриддæр техникæ хъуыд, уыдон ногæйногмæ ивтой. Районы иннæ хæдзарæдтæй бирæтæ-иу æххуысагур цыдысты Хетæгкаты Къостайы номыл колхозмæ. Йæ дæрдджын техникæ райсынıл архайдтой, уымæн æмæ ног машинæтæ балхæнынмæ сæм фаг фæрæзтæ нæ уыд.

Колхозы специалисттæ уыдысты фæлтæрдджын адæм, сæ куыст зыдтой хорз. Æндæр хуызы сын уæвæн дæр нæ уыд. Уымæн æмæ сæ сæргълæууæг, йæхицæй куыд домдта, афтæ цæсгомджынæй архайд домдта йæ дæлбар кусджытæй дæр.

Мæрзойы-фырт дыууиссæдз азæй фылдæр æнтыстджынæй фæкуыста алы колхозты сæрдарæй. Уæлдæр хицауад ын стыр аргъ дæр уымæн кодтой æмæ ссис нæ республикæйы хуыздæр хъæууонхæдзарадон фæллойы организатортæй иу.

Кировыхъæуы фæстæ 1984-1986 азты куыста нæ республикæйы хъæууонхæдзарадон Паддзахадон комитеты сæрдары хæдивæгæй. 1986-1989 азты та нысангонд æрцыд Цæгат-Ирыстоны Паддзахадон аграрон промышленнон транспортон дæлбархайады хицауæй (начальник подотдела Госагропрома СОАССР по транспорту).

1989 азæй йæ царды фæстаг бонтæм разамынд лæвæрдта мыдыбындзыты совхоз «Бехъан»-æн. Мæрзойты Хъазыбег уыд Æрыдоны райкомы партион организацийы активондæр æхсæнадон архайджытæй.

XXIV партион съезды делегат, Уæрæсейы колхозты Цæдисы уæнг, адæмон депутат йæ фæллойадон сгуыхтдзинæдты тыххæй хорзæхджын æрцыд Советон Цæдисы Фæллойы Хъæбатыры номæй, Ленины орден æмæ майдан «Дзæбуг æмæ Æхсырф» æмæ ма бирæ æндæр Уæрæсейы æмæ Цæгат-Ирыстоны хæрзиуджытæй.

Хъазыбег йæ фæстæ, Æрфæны фæдау, йæ фæзминаг хъуыддæгтæй ныууагъта хорз фæд Ирыстоны цæрæг адæмты зæрдæты. Уæрæсейы æмæ фæсарæнты йын цы бирæ зонгæтæ уыд, уыцы адæмты зæрдæты дæр тулдз бæласы уидæгтау ныффидар кодта йæ кады ном..

Æвæццæгæн, Хъазыбег йæ зæрдæ куынæ дардтаид йæ цардæмбал Калоты Лидæйыл, йæ бинонтæм йæ зæрдæ куы æхсайдтаид,уæд ын афтæ бирæ дæр нæ бантыстаид æхсæнадон куысты. Лидæ уыд æцæг нæртон сылгоймаг, къонайы фарн. Фидар цæджындзау, Хъазыбегæн уырдыг фæлæууыд йæ царды фæстаг бонмæ, уарзонæй фæлæггад кодта æрмæст йæхицæн ын нæ, фæлæ йæ фæстæ цы бирæ æмгæрттæ фæцыд сæ хæдзармæ стыр хицауадæй хуымæтæг кусæджы онг, уыдонæн дæр. Хъазыбег æмæ Лидæйæн


Советон Цæдисы Компартий XXIV съезды цæгатиристойнаг делегатты къорд. Дыккаг рæнхъы астæуæй лæууы МÆРЗОЙТЫ Хъазбег.

сæ уарзты ахстоны равзæрдысты сæ зæрдæты уидæгтæ – цыкурайы фæрдгуыты хуызæн æртæ чызджы: Светæ (дохтыр), Беллæ (экономист – Мидхъуыддæгты дæлбулкъон), Аллæ (дохтыр) æмæ сæ къонайы бындар Славик – Мидхъуыддæгты дæлбулкъон (хъыгагæн, ацыд йе 'цæг бæстæм уæззау фæрынчыны фæстæ) æмæ уыдоны кæстæртæ. Се 'ппæт дæр рауадысты ныййарджытæн аккаг фæдонтæ æмæ, сæ фыдау, æнæзæрдæхудт лæггад кæнынц Ирыстонæн йæ алы куыстуæтты къабæзты. Уæвгæйæ дæр сын æндæр хуызы уæвæн нæ уыд. Уымæн æмæ сæ хъомылад бæрзонд æвæрд уыд. Хъазыбег йæ размæ цы бирæ ныстуантæ æвæрдта, уыдон змисы бындурыл амад мæсгуытæ нæ уыдысты, фæлæ урс дойнаг дурæй гæнæхтæ йæ бинонтæ, йæ уарзон адæмы хорзæхæн, иудзинад æмæ рухс амондджын фидæны охыл.

Хъазыбег царды гуыргъахъх фæндæгтыл фæцыд сыгъдæг коммунист æмæ æнæзæрдæхудтæй. Цард адæмы хорзæхæн, фæсивæды амондæн. Фæлæ хъысмæты фæндаг æдзух æмхуызон хорз нæ рауайы. Йæ тæккæ лæджы кармæ куы бахæццæ, уæд уæззау низæй фæрынчын. Йæ бинонтæ, йе 'фсымæртæ, хотæ, дохтырты хуыздæртæ йæ разы цырагъау бæргæ фæлæууыдысты йæ дæргъвæтин фæрынчыны рæстæг. Буц æмæ рæвдыд уыд йæ фæзминаг кæ-


МÆРЗОЙТИ Хъазбег космонавт, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр Владимир ШАТАЛОВИ хæццæ.

стæртæй, æмхуызонæй йын зæрдиагæй лæггад кодтой, фæлæ адзалæн мадзал нæй.

1991 азы 23 августы банцад йæ куыстæй хъæууонхæдзарадон куыстады курдиатджын организатор, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Мæрзойты Хадзымуссæйы фырт Хъазыбеджы зæрдæ. Йе 'вæрæн боны адæм алы рæттæй æрымбырд сты стыр хъыггæнгæ Мæрзойты кæртмæ фæстаг фæндараст зæгъынмæ Иры кад æмæ намысы лæгæн. Кадджын уавæры æвæрд æрцыд Дзæуджыхъæуы Намысы Аллейы (Аллея Славы).

Хæрзгæнæджы фæд дардмæ нывæнды, йæ ном та æнусты цæры, – фæзæгъынц. Кировыхъæуы хистæр кары адæм хорзæй мысынц сæ фæлтæрдджын разамонæг Мæрзойты Хъазыбеджы æмæ йын йæ фæзминаг хъуыддæгтæ æмæ кады ном фæлтæртæн дæнцæгæн хæссынц. Хъазыбег йæ бæрнон æмæ фæлварæн фæндагыл фæцыд æцæг ирон лæджы номимæ æмæ йæ фарн, йæ ирон æгъдауы цалх зилынæй нæ банцайдзæн æнустæм. Йæ намыс схызт Хъазыбеджы хохы бæрзæндмæ æмæ йæ ном фыдæлты кадимæ цæрдзæн æнусты. Æнусон та зарæг у. Уый хынцгæйæ, Хъазыбеджы 'мхъæуккаг поэт Туаты Сергей æмæ поэт-зарæггæнæг Чеджемты Æхсар композитор Бериты Алыбегимæ иумæ сæнусон ын кодтой йæ фæрнджын ном зарджыты хуызы. Хуыцауы цæст бауарзæд, Ирыстоны Хъазыбеджы хуызæн гуырдтæ фылдæр куыд уа, кæстæртæ та йын йæ кад æмæ намыс сæ хорз хъуыддæгтæй бæрзондæй-бæрзонддæр куыд кæной!

## МÆРЗОЙТЫ ХЪАЗЫБЕДЖЫ ЗАРÆГ

*Чеджемты Æхсары ныхæстæ*
*Бериты Алыбеджы музыкæ*

*Цъæйдон йа базыртыл урс уылæн хæсгæйæ*
*Арф комы бафæллад, быдыры ныссабыр.*
*Кады ном чи скодта йæ Иры бæстæйæн?–*
*Мæрзойты Хъазыбег – Фæллоййы Хъæбатыр.*

*Кировы фæрныг хъæу – дæ уарзон хъæубæстæ,*
*Дæ бирæ лæггæдтæ ныр дæр ма уым ысты.*
*Фæрнæйдзаг адæм дын 'гъдæуттæ, дæ хæрзтæ*
*Нæ ферох кæндзысты, на ферох кæндзысты.*

*Æртæхдзаст дидинæг – уалдзæджы фидиуæг,*
*Цæмæн ныджджих цымæ сау зæххы хъæбысы?*
*Мæрзойты Хъазыбег, кæд уыцы дидинæг*
*Дæ къахвæдыл æрзад, дæу мысы, дæу мысы.*

*Афтæ-иу куы дзырдтай дæ мидбылты худгæ:*
*«Фезмæлут, лæппутæ, бон махмæ нæ лæууы,*
*Зæхх мады зæрдæ у, зæхх мад у, мæ хуртæ,*
*Мады та буц кæнын, буц дарын куы хъæуы».*

*Æгъдауæй рæсугъд у ирон цард, æмбæлттæ,*
*Амонды рухс хур уæд дзаг цæстæй фæкæсы.*
*Мæрзойты Хъазыбег, дæ рæсугъд æгъдæуттæ*
*Дæ иунæг буц лæппу кадимæ куы хæссы.*

**Уруссаг-япойнаг (1904-1905 æнзти) æма Фиццаг дуйнеуон тугъдтити архайæг инæлар-майор Такъоти Дзибили фурт Цицой райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй фарастинсæй анзи (1841-1901).**

***Еу æнæрцæф лæгъуз цъухæй гъæр кодта хæрæгбæл. Фал имæ е не ‘гъуста. Æндæр лæг имæ еуварсæй кæсуй æма имæ дзоруй: «Игъосай, æдули сæр! Хæрæг дин де ‘взаг некæд балæдæрдзæнæй. Цæмæй дæ балæдæра, уой туххæй уой бæсти дæхуæдæг хæргути æвзаг исахур кæнæ».***



***Нæ дигорон аййевадон литературæ фæгъгъæздугдæр æй еума фарнæхæссæг киунугæй – куд фæззæгъунцæ, дуйней рохс фæууидта Куцукти Хаджиомари фурт Темурболати уадзимисти æмбурдгонд – уой медæги бамбурд æнцæ æ финст радзурдтæ æма æмдзæвгитæ (финст æнцæ дигорон, ирон æма уруссаг æвзæгтæбæл). Аци ахсгиаг цауи фæдбæл Куцуки-фуртæн бæргæ райарфæ кæнианæ зæрдиагæй, фал, гъулæггагæн, не ‘хсæн нæбал æй, цалдæр анзей размæ рахецæн æй æ уæлзæнхон цардæй (1937-2004). Рохсаг уæд… Куцукти Темурболат адтæй нæ газет «Дигори» хуæрз æрдхуард, ахид си мухургонд цудæнцæ æ уадзимистæ. Уомæ гæсгæ ба уæлдай зæрдæхцæуæнæй мухур кæнæн цалдæр уадзимиси æ киунугæ «Уоди рохс»-æй, сæ хæццæ ба ма æ редактор Колити Виталий раздзурд дæр. Мухур сæ кæнæн, киунуги куд æнцæ, уотемæй.***




# УОДИ ГЪАРÆЙ ФИНСТ РÆНГЪИТÆ



**КОЛИТИ Витали,**
**Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг**

ЦАРДИ фæууй уæхæн адæм æма син уæлдай нæй, сæ алфамбулай цитæ цæуй, уони лæдæргæ дæр нæ кæнунцæ, уæдта сæмæ гъаргæ дæр некæцирдигæй фæккæнунцæ. Сауæнгæ ма син сæ бæрзæйбæл æфсой ку æрæвæрай, уæддæр цæудзæнæнцæ ауæдзи. Æнгъæл уодзæнæнцæ: мæнæн мæ губун идзаг уæд, мæ царди мæ хъор маке дарæд æма алцæбæлдæр арази дæн. Уæхæнттæй бадомæн неци ес, уæдта сæмæ царди еу ести рæстæрдæмæ зундмæ дæр макæддæр æнгъæлмæ кæсæ.

Фал ма фæууй уæхæн сæрæн игурдтитæ, кæцитæ нæ бæлсунцæ æргом цагъайрадæ, æнæуинон син фæуунцæ мæнгарддзийнадæ, уæлбекъон æма æнæбитъиздзийнадæ. Уæхæн лæгтæн бустæги зин цæрæн фæууй æхсæнади æхсæн, уомæн æма 'й лæдæрис, нæ алливарс ци цъамардзийнадæ æма хахуйради буни æмризтæй резуй дуйне, фæндуй дæ цæмæй адæми фæййервæзун кæнай, фал æ раййевунæн, æ фæххуæздæр кæнунæн ба дæ бон æгириддæр неци 'й. Ду еунæг – етæ мингæйттæ.

Гъе, уæхæн доги рарвиста æ цард аци киунуги автор Куцукти Хаджиомари фурт Темурболат дæр. Цардæй, ирæзтæй, миллионгай адæмтæ амондгунбæл сæхе ци доги нимадтонцæ, еци советон цардарæзти.

Адæймагæн адтæй фулдæр фадуæттæ æ лæгигъæдтæ равдесунæн. Фал уæдта нæ къæхти буни нæ зæнхæ ниттудта æма ци адтан, е бæрæг – бæлвурд дæр нæбал адтæй. Цард исхæлхъой, исханс æй. Рæстуод, рæстзæрдæ ка адтæй, етæ къæхти буни æнсæст æрцудæнцæ, æ дуйнебæл ахæстдони къетелæгæй æндæмæ дæр ка некæд ракастæй, етæ ба бæстæн унафгæртæ иссæнцæ.

Æма уæд райгъустæй Куцуки-фурти æндиуд æма нифсхаст гъæлæс. Темурболат æргомæй исдзурдта æнсаст адæймаги бартæбæл. Æндонау ниййазæлдæй æ поэтикон гъæлæс.

Мæнæ абони уæ размæ ци уадзимисти æмбурдгонд хæссæн, уоми ес поэти цийнæ, поэти æгæрон маст æма гъезæмарæ, æ сагъæстæ æ догæбæл, нæ фæсевæди исонибонбæл, не 'взаги хъисмæтбæл. Царди фæззелæнтæй кæбæлфæнди дæр дæ цæстæ рахæссæ æма си дзуапп кæци фарстабæл не 'ссердзæнæ, уæхæн си нæййес. Æ риствæллад зæрдæ хъæрттæй алцæбæл дæр. Иннетæй игъаугидæр поэт фæууй алци æстæфагæ.

*Хуссуй æ цирти рæстдзийнадæ,*
*Адæм кæунцæ сæ зинбæл.*
*Куд дзурди усмæн цард фенадæ ‘й.*
*Æ тæккæ дзенет исунбæл.*

*Цæуй мæгурти усхъитæбæл*
*Рæстæг федæни мæрсинтау.*
*Æрбадтæй дзилли рисхъитæбæл*
*Фудгол сау хуалихуар синтау…*

(Нифс)

Куд æма цæйбæрцæбæл идардмæуинæг адтæй Куцуки-фурт, уомæн аци уæлдæр æрхаст рæнгъитæй хуæздæр æвдесæнæн ма ци æрхæссун æмбæлуй? Зæрдæ ку реса, уæд хецæн риститæ нимади нæбал фæуунцæ, еумæйаг исунцæ æма еу афони ба ратонунцæ, мæнæ хонхæй агъазиау фæхцæ куд ратона æма æ гæбар-губурæй еугур ком дæр куд ниййазæлун кæнуй, уоййау, азæлунцæ Куцуки-фурти рæнгъитæ дæр. Поэти маст æгæрон æй. Дæсгай æнзти сабур цард æ тогæй ка балхæдта, абони уæнгæ ‘й цæстигагуйау ка фæгъгъæуай кодта, уони берæ хъиамæттæ ке фæдздзæгъæл æнцæ, царди идæнттæ еугай нецæййæгти къохтæмæ ке бафтудæнцæ æма нин етæ сæрбонсеуæг ке кæнунцæ, уомæ.

Некæмæн хатир кæнуй поэт адæми зин, адæми сайд æма се ‘фхуæрд. Еци темитæмæ кæми раздæхуй, уоми æ гъæлæси уагæ исуй никки зæллангдæр, никки азæлгæдæр æма нæргæ дæр

*Фæдес! Дæ бæстæ фæххастонцæ,*
*Дзиллæ, ку бадæ мæрдвунæй!*
*Фиди нимæтау исластонцæ*
*Дæ фидибæстæ дæ бунæй.*

(Фæдес)

Автор уомæ гæсгæ дзоруй исонбони фæлтæрмæ, цæмæй, сæ абони разамонгутæ ци рæдудтитæ æруагътонцæ, уомæй сæхе бахезонцæ, цæмæй сæбæл сайд мабал æрцæуа. Цæмæй еске сæри зундæй ма архайонцæ, фал сæхуæдтæ тергади кæнонцæ. Уомæ гæсгæ ба аци киунугæн исхонæн ес – «Фæдзæхсæн!»

Бустæги деси ба мæ æфтауй авторæн æ финсти гъæдæ. Аци æмбурдгонди не 'ссердзæнæ мæнгæттæ, ескæмæн билисæрдæн дзубандитæ, козбаути фæззелæнтæ.

Темурболатæн æрдзæ æхе куд раст адæймагæй рантæсун кодта аци дуйнемæ, уотæ фæткъуæрæнау раст æй æ поэзи дæр. Цæуй авторæн æ зæрди арфæй, æй фæсхезæмæрттæй ратæдзгæ æма уомæ гæсгæ ба æй æргом, зæрдæбæл æмбæлгæ, устур сагъæстæбæл æфтауæг.

Поэт æгæрон уарзтæй уарзуй æ райгурæн гъæу, æ Дигорæ, ци адæми 'хсæн исгъомбæл æй, еу цардиуаги уавæрти ке хæццæ нихсистæй æ уод, уони æма ин етæ дæттунцæ устур нифс е 'сфæлдистадон размæцуди, æнцæ ин федар цæгиндзитау. Поэт еци-еу рæстæг æ хъози нæ бампулуй, фал æ нифсæй нифсгун кæнуй е 'мдогонти, æ кæстæрти.

*Нæ! – Æууæндун æз адæймагбæл,*
*Бæрзонд ке `сесдзæй æхседарф,*
*Æма ке бандзардзæй е `знагбæл,*
*Ке`идзулдзæй ма имæ арв.*

Куцуки-фуртмæ н 'адтæй сæрмагонд литературон ахурадæ, фал е 'мдзæвгитæ ба уæхæн уæлиау æмвæзадæбæл финст æнцæ æма сæбæл адæймаг устур деси бацæуй – кутемæй æрцудæнцæ аци лæги сæрмæ уæхæн гъудитæ, зæгъгæ. Æвæдзи, æрдзæй ци рахæсса адæймаг æ уоди, уомæн бауорамæн нæййес. Абони уа – исон уа, уæддæр еу афони æхе равдесдзæнæй. Уотæ ке 'й, уомæн æвдесæн аци киунуги рæнгъитæ дæр.

Гъулæггагæн, æ доги æ къохи нæ бафтудæй æ киунугæ æхе цæститæй фæууинун. Цæмæй æ фæсмæрдæ æ уодæй исфæлдист рæнгъитæ адæммæ фæхъхъæртонцæ, уобæл зæрдиагæй байархайдтонцæ æ кæстæр фæдонтæ æма син арфæ кæнæн.

Темурболат айдагъ поэт н 'адтæй, фал ма адтæй дæсни хузгæнæг дæр, уомæ гæсгæ ба киунугæ медæгæй фæлустгонд æрцудæй авторæн æхе къохæй конд ювелирон нивæфтудтитæй æма хузтæй.

Мадта уотæ: Абони уин уæ размæ хæссæн Куцукти Темурболати уадзимисти æмбурдгонд æма ин тæрхонгæнæг ба сумах уæхуæдтæ фæууотæ!

## Нифс

*Хуссуй æ цирти рæстдзийнадæ,*
*Адæм кæунцæ сæ зинбæл, –*
*Куд дзурди усмæн цард фенадæ `й*
*Æ тæккæ дзенет исунбæл...*

*Æрвтæ `ма зæнхæ батар æнцæ,*
*Хуцау абони мæрдгин æй,*
*Фудзундтæ `рмæст сæхе тæрунцæ*
*Не `сæвди бонмæ нифсгунæй.*

*Цæуй мæгурти усхъитæбæл*
*Рæстæг федæни мæрсинтау,*
*Æрбадтæй дзилли рисхъитæбæл*
*Фудгол сау хуалихуар синтау.*

*Никкодта бабæй ци дзамантæ*
*Еугур дуйнеон адæмбæл: –*
*Кæнунцæ дзилли сæрæндæртæ*
*Зæрдæ æскъудтæ `ма тæппæл.*

*Неке `ссердзæнæй а дуйнебæл*
*Хæларæй сабур цардæн аргъ,*
*Фал куд? Ку `йвæра еу иннебæл,*
*Хæрæгбæл æвæрæгау, саргъ?..*

## Фæсевæдæн

*Размæ цотæ, Иристони*
*Хуарз фæсевæд, ирæзгæй.*
*Ку зонетæ, уæ исони*
*Цард – абони аразгæ `й.*

*Нæ хецæуттæ фæллигъдæнцæ*
*Сæ цирттæмæ нæ ристæй,*
*Дæлуймонтæн фæммулди `нцæ*
*Къарти гъазгæй, нæ бæстæй.*

*Æхуæдæг, мæнгард, фесæфæд, –*
*Мах ка кæнуй хæдзаруат,*
*Ба уæ гъæудзæнæй, фæсевæд,*
*Устур тохи хъазауат.*

## Æрвгæ

*Сæумæ раги хуасгæрдæни*
*Мæ цæвæги ком гъæстон,*
*Æрвги уиндæй игуæрдæни*
*Мæ дзæбокæ фæггæлстон.*

*Æрлæудтæн цæвæг гъæцунæй,*
*Æдзинæг сирдмæ кæсун…*
*Тундзгæй мæмæ, фæххуæцунæй*
*Мæ фусунбæл сек хæссун.*

*Мæ уæнгæ ма ин райзадæй*
*Æртæ къахдзæфей бæрцæ,*
*Æ фæстæгтæбæл фестадæй*
*Æ рæсугъд гури хæццæ.*

*Хе `рдигонау мин цидæртæ*
*Зæрдибунæй æрдзурдта,*
*Куд нæ фехсайдта мæ зæрдæ,*
*Цидæр хуарз ми ке курдта.*

## Æмкувд Хуцаумæ

*Уинун ниййерæг – Зæнхи Къори,*
*Æз уомæл цæститæй кæсун,*
*Зунд нин не `скæнæгæй ке сæри*
*Æма имæ де `мкувд кæнун:*

*«О, не `скæнæг Хуцау, фæссорæ*
*Тар адæймаги реуæй сирд*
*Æма лæгæн фæрæзнæ `ссерæ,*
*Куд уа де `зæдтау уодæй ирд».*

*Зæнхæ нийгъосуй, `ма «Амменæ»*
*Æ реуи арфæй исхауй,*
*Бæргæ хезуй, фал уомæй æндæр*
*Æной еци `скувд ке гъæуй?*

**Поэт, тæлмацгæнæг, ССР Цæдеси журналистти æма финсгути Цæдести иуонг Икъати Антони фурт Владимири райгурдбæл 1 августи исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи (1936-1990).**

***Еу устур хецау æ æдули фурти ахургонд лæгмæ барвиста, цæмæй ин æй е исгъомбæл кодтайдæ, æ сæри ин зунд бауагътайдæ. Берæ фæййархайдта ахургонд, фал æ гъуддагæй неци рауадæй. Æма ин æ фидæн уотæ ку зæгъидæ: «Дæ фуртæн æ сæри зунд нæ бацудæй, мæхуæдæг ба мæ зундæй фæккуддæр дæн».***





# Уасгергий æрвист лæг

## (Æцæг цау)

Е адтæй Хæзнидони гъæуи Устур Фидибæсти тугъди фæсте. Нæ мадæ мин еци бæнттæй еуеми байхæс кодта, сæумæ скъоламæ цæугæй, мæ курдиади гæгъæди, дан, мин колхози сæрдармæ бадæттæ.

Хецауи уати цудæй æмбурд, дуар ба кæронмæ æхгæд н`адтæй, æма æндæмæ игъустæй æмбурди уæвæг, адæми дзурд. Хезгæ мин рауадæй. Дзубанди цудæй, ци картофи мортæ адтæй колхози, уони колхозонтæн сæ косгæбонтæбæл раст байуаруни фæдбæл. Сæрдар æхе бахатта адæммæ:

– Мæнмæ ес уæхæн фæндон, æма колхозонтæбæл, ци картофи муггагæй нæмæ байзадæй, `уой косгæ бонæн кили `рдгутæ байуарæн, уæдта сæ хæдзардартæ тугъди кæмæн байзадæнцæ, уонæмæ дæр фæккæсæн. Гъеуæд исбæрæг уодзæнæй советтон рæстдзийнадæ!

Адæм арази `й унæр искодтонцæ, æма сæрдар идарддæр æ дзурд рахаста:

– Кæдæй тугъд райдæдта, уæдæй колхозтæ адæмæн нецибал равардтонцæ сæ кустбæл, уомæн æма кодтан Сурх Æфсади гъуддаг, немуц дæрæн кæнун гъудæй. Нур тугъд фæцæй, æма архайдзинан гъуддæгтæ фæррæвдзæ кæнунбæл. Ес ма уæхæн гъуддаг дæр, нæ гъæуи минкъий нæ байзадæй седзæртæ, æма нæ нимайгути хæццæ бакустан уони номхигъд исаразунбæл. Нур ба нæ гъæуй уæхæн адæймаг исæвзарун, кæци æнæ хийнæй бацæудзæнæй седзæртæн сæ хай байуаруни гъуддагмæ. Еу загъдæй, гъæуй нæ Уасгерги исæвзарун. Кæмæ уи ци фæндон ес, уой зæгъетæ.

Адæм базмалдæнцæ, `ма ка еу ном зæгъидæ, ка иннæ, фал уайтагъд иронхуати æрбайзаиуонцæ. Уалинмæ кадæр исдзурдта – Хъамболти Сарæбий, зæгъгæ, æма адæми арази `й унæр исигъустæй. Сæрдари цæсгон дæр барохс æй.

– Æз уин зæгъун, адæм айдæнæ æнцæ. Айсомæй æз дæр сагъæс кæнун, æма кæд нæ гъæуи берæ æууæнки агкаг лæгтæ ес, уæддæр мæ сæрмæ Сарæбийæй æндæр неке ном цæуй.

Сæрдари еци дзурдти хæццæ мин мæ усхъæбæл кадæр æ къох æривардта, «А – гъа, къумзел тикис æстъæлфагæ `й», – зæгъгæ, æма, мин мæ сæр æрдаудта. Е адтæй Хъамболти Налухъи фурт Сарæбий, е уæд дуарæй бахизтæй, æмбурд кæми цудæй, уордæмæ.

Еу рæстæг, уæдта æмбурд рахæлеу æй, æма æз дæр бацудтæн сæрдармæ. Гæгъæди бакастæй, æма мæ фæрсуй, сог ба уин ка `рласдзæнæй, зæгъгæ. Нæ мади хæццæ еумæ, зæгъгæ, зæгъун мæмæ ходуйнаг кастæй, æма дзуапп равардтон – мæхуæдæг, зæгъгæ. «Дæхуæдæг ледзгæ дæ хæдзарæмæ, иннæ бон ба хезетæ соги уæрдун», – зæгъта мин сæрдар, æма гæгъæди е `стъолбæл æривардта.

Скъолай фæсте нæхемæ хæлæфæй уадтæн мæ мадæн хуарз хабæрттæ ракæнунмæ. Нæ цийнæн кæрон нæбал адтæй. Æз ба хæдзардар лæгау, цидæртæ рахуæргæй, хуæздæр голлагæ нæмæ ка `дтæй æд бæттæн, уой раскъафтон, æма фæннæхстæр дæн нæ картофи хай есунмæ. Гъæугæрон будурмæ ку рахъæрдтæн, уæд мæскъуордæг лæстити, хæрди ниууидтон адæм, кæцитæ мæмæ изолмæ мулдзугутæ фæккастæнцæ. Бахъæрдтæн сæмæ æз дæр, æма мæ кезумæ гæсгæ æрлæудтæн рæнгъæбæл. Фиццагидæр рауидтон сæрдари бæхдзорæг Бæтуй, æнхус кæнгæй, Сарæбийæн. Хъæбæр зæрдæй кустонцæ, архайдтонцæ, тæразæбæл раст барст куд цæуа картоф, æнæсайттæй.

Мæн кезу ку æрхъæрдтæй, уæд Сарæбий исдзурдта Бæтумæ, цæмæй мин мæ голлагæ байдзаг кæна:

– Хуарз æй ниббæттæ æма `й цæфбæл Гæзæни уæзласæн бæхуæрдуни нивværун кæнæ.

Гæзæн – гъæдгæси æртиндæсанзуд биццеу, хуæрз-хаст æма хъаболгун, скъолай хуарз нæ ахур кодта, фал зундгонд адтæй куд кæстæртæ æфхуæрæг. Картофи идзаг голлагæбæл уотæ æнцонтæй исхуæцидæ, цума си гъæмпæ уидæ. Æз ба еци анз, æнсури мæйи мæ фарастæймаг анзи бацудтæн, æма кæд ирæзæггун адтæн, уæддæр æнæхъаурæ. Сарæбийи дзурдтæ райгъосгæй, мæмæ Гæзæн æхе æрбаласта, æма дзоруй:

– Мæ бæхуæрдун мæскъи ку ниххæсса, уомæй, дан, тæрсун æма дæ голлагæ мæскъуордæг фæккæнæ, надбæл ба дæ баййафдзæн, æма `й уæрдуни ниввæрдзинан.

Æз дæр ибæл бауæндтæн. Зинтæй ме `дзаг голлагæ, мæскъуордæг фæккодтон, æма `й ме `нæхъаурæ иуæнгтæбæл идарддæр хæссун, нур мæ уæрдун æрбаййафдзæнæй, зæгъгæ, хизтон. Уалинмæ бæхуæрдуни цæлхити гъæр исцудæй (æ цæлхитæ ба адтæнцæ, немуцæй ци техникæ æризадæй, уонæй ист), æма дин мæнæ мæ рæзти Гæзæн бæхбæл æскъод гæнгæ æрбаевгъудæй. Дæ фудголæ уотæ, ниммæ уагъта. Еу силгоймаг ма имæ дзурдта:

– Гормон, куд æй уадзис итигъд будури, Сарæбий дин куд фæдзахста.

Фал ин Гæзæн дæр дзуапп февардта:

– Неци ин уодзæнæй, нæ `й уинис цæй уæнгæ `й æрбахъæртун кодта. Идарддæр дæр æй хæсдзæнæй зæгъгæ, æма еци загъди хæццæ бæхуæрдун мæ рæзти раевгъудæй.

Мæ фæллад æма зæрдихудтæй мæ бон размæ цæун нæбал адтæй, æма голлаги тъæпп зæнхæбæл фæццудæй, уой сæрбæл ба мæхуæдæг дæр æрхаудтæн. Мæ цæстисуг бунмæ æрæгъзалдæй. Ме `уæнгти ристæй ци фæцайнæ, уой нæ лæдæрдтæн, мæ бон сæ фезмæлун кæнун дæр нæбал адтæй.

Изæрдалингæ кодта æма ми тас бацудæй, æхсæвæ мин ами изайгæ ку уа, уæд мæ гъуддаг куд уодзæнæй. Берæгътæ си ахид ку фæууй, уæдта дзæгъæл адæм, зæгъгæ. Равзурстон мæ голлагæ мæ фæсте хæрхæрæй ласун, фал мин æ бунатæй дæр не `сæзмалдæй. Уалинмæ кæрдæгмæ фенгас дæн. Кæсун, æма дин мулдзуг æхецæй дзæвгарæ устурдæр хъæбуза æ рагъи фæххæссуй. Гæр, мæнæй æнæхъаурæдæр некебал ес, зæгъгæ, бабæй æрæнкъард дæн.

Дуйне талингæгæнгæ цудæй, æз ба ци кодтайнæ, уой нæ лæдæрдтæн. Уæдмæ мæ зæрдæбæл колхозонти æмбурд æрбалæудтæй, Уасгергий кой си куд кодтонцæ, е. Лæгти изæдмæ исковуни фæндæ искодтон, фал куд уой ба нæ зудтон, уæддæр мæхе арвмæ исхадтон æма дзорун:

– О, Уасгерги, хатир корун, кари нæма уогæй дæмæ ке ковун, фал мин æндæр гæнæн нæййес. Кадæ дæхецæн, фал æз аци будури байзадтæн ахсæви. Корун ди æма мин мæ картоф багъæуай кæнæ, гæнæн ку уа, уæдта ма мæхе дæр.

Уой фæсте мæ къохтæ æруагътон æма мæ голлагæбæл æнæнецигъонæй æрхаудтæн. Берæ рæстæг нæ рацудæй, æма дин мæ рази кедæр къæхтæ рауидтон. «Уасгер» зæгъгæ, сæрмæ искастæн æма мæ дзурд кæронмæ нæ фæууогæй, Хъамболти Сарæбийи рафæсмардон.

– Э-гъе, дæ цæстисуг мæскъæмæ ку райвулдæй. И гиаур дæ ниууагъта, æнгъæлдæн. Де `уæнгтæ кунæг нæ фæрристæнцæ, куд æнгъезуй дæу хузæн биццеуæн уæхæн уаргъ, – батухстæй мæбæл Сарæбий.

Ра мæ фарста, мæ фæсте цæун бафæраздзæнæ зæгъгæ, æма æз дæр мæ сæр аразий тилд бакодтон.

– Уæд «Уасгер» ба ке худтай зæгъгæ, мæ рафарста Сарæбий мæстмарæнгæнæгау.

– Уасгергийæн æхе, дзуапп равардтон æма мæ цæститæ æруагътон.

Цæбæл расагъæс кодта Сарæбий æма дин уотæ:

– Нæ фæррæдудтæ, биццеу. Мæнæн Уасгерги загъта, дæ бидаркæ Бæтуйæй изол лигъз надбæл гъæумæ рарветæ, дæхуæдæг ба, уартæ мæскъуордæг ци дзæбæх биццеу байзадæй, уомæ бакæсæ, æма дæмæ мæнæ фæззиндтæн. Мæнæ дин мæ лæдзæг, æма уобæл æнцойнæ кæнгæй, мæ фæсте уайæ.

Мæ голлагæ мин фергъувта Сарæбий, æма фæннæхстæр æй размæ. Æййафгæ дæр æй нæбал кодтон, уотемæй уайтагъд гъæуи балæудтан. Сарæбий мин мæ голлагæ нæ колдуари размæ æривардта. Нур ба уæхемæ бадзорæ, зæгъгæ, æма будури мæ рази куд æнæнгъæлти февзурстæй, уоййау æрбайсавдæй. Нæбал æй рауидта мæ цæстæ. Ци зонун ма `й гъудæй – Сарæбийи мæмæ Уасгерги рарвиста.

Еци изæр мæ реуи бацудæй цидæр æрттевгæ æнкъарæнтæ. Берæ æнзтæ рацудæй уæдæй нурмæ. Исбайлæгъ дæн, мæ гъудитæ сæ бунæтти раст исбадтæнцæ, фал еци цау ба некæд иронх кæнун.

## Ды райгуырдтæ хурæй

*Нæ райгуырдтæ тарæй*
*Хæйрæджы хуызæн, –*
*Ды райгуырдтæ хурæй*
*Йæ тохы `ххуысæн.*

*Ды райгуырдтæ хурæй*
*Ныййарæг зæххæн*
*Дæ рухсы ирд мурæй*
*Йын вæййы тæхæн.*

*Дæу тармæ фæцудын –*
*Йæ цинты мæлæт,*
*Дæлимонты худын,*
*Цагъары къæлæт.*

*Ды райгуырдтæ хурæй*
*Йæ куысты `ххуысæн.*
*Нæ райгуырдтæ тарæй*
*Хæйрæджы хуызæн.*

## Уалдзыгон фыстæг

*Аргъ куыд нæй æвзаджы рæзтæн*
*Ахæм бахъуаджы рæстæг,*
*Курын, ма фæуæд дын мастæн*
*Ме `ргом уалдзыгон фыстæг.*

*Федтон дæ æмæ дæ рухсæй*
*Зæрдæ `рбаци ирд тæмæн,*
*Ныр сæхимæ `фсæн рæхысæй*
*Ласынц сау цæстытæ мæн.*

*Фæлæ гагуыты æрттывдæй*
*Цавддур фестын кæныс мæн.*
*Нал вæйы мæ бон æлхъывдæй*
*Сдзурын, нæдæр фезмæлæн!*

*Асхой мæ нæ комы рындзæй*
*Е мæ басудз иу уысмæн.*
*Ды мæ де `рфгуыты æлхынцъæй*
*Цавддур акæныс, – цæмæн?*



## Дунеты фæтк – уарзондзинад

*Къогъо `хсæвы рухсы мурыл*
*Зилдухæй куыд сисы дывд,*
*Афтæ кæд нæ худгæ Хурыл,*
*У нæ Зæххæн дæр йæ зылд.*

*Кæд кæрæдзиуыл дунетæ*
*Сты æнувыд баст уымæй,*
*Æмæ `стъалытæ, планеттæ*
*Уой æнæмæлæт цæмæй.*

*О тæхуды, ныр дзыллæтæн*
*Ахæм уарзты зынг æрхæсс,*
*Уæд æппындæр цард мæлæтæн*
*Тугæй нал бафидид хæс.*

*Аргъ куыд нæй лæгæн уæд уастæн,*
*Царды чи `рхæссы ныvонд*
*Адæмты кæрæдзи уарзтæн*
*Е`ппæт хъарутæ, йæ зонд.*

*21. 08. 2002 аз*

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Кæсæг-Балхъари Республики адæмон финсæг Налоев Ахмедхан Хамурзи фурти райгурдбæл 10 августи æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1921-2010).**

***Продюсер Битарти Константини разамундæй æрæги Дзæуæгигъæуи есун райдæдтонцæ нæуæг аййевадон кинонивæ «Æнæкæрон буцæу». Сценарий дæр ин ниффинста Битари-фурт, режиссер-æвæрæг ба æй нæ бæсти киноаййевади зундгонд архайæг Беслехъоти Эльбрус. Архайгути сорæттæ исараздзæнæнцæ куд зундгонд, уотæ æригон артисттæ дæр.***


ХЪАРАТИ Алик (галеуæрдигæй дуккаг) кинониви иннæ архайгути хæццæ.

# УСТУР ИСКУРДИАДÆН – УСТУР АРГЪ


ХЪАРАТИ Алик æма æ цардæмбал ХАДАТИ Алинæ.

Нури доги берæ аллихузон дуйнеуон кинофестивальтæн сæ тæккæ зундгонддæр æма цитгиндæр æй Канны, зæгъгæ, французаг сахари алли анз дæр арæзт ка ‘рцæуй, е. Уой цæгатиристойнаг аййевадæуарзгутæ куд нæ зондзæнæнцæ, фал нин е нури уæнгæ уоййасæбæл хиццаг нæ адтæй – уомæн æма имæ неци барæ дардтан, уой исаразгутæн ба мах дæр нецæмæй цæмæдессаг адтан.

Нур ба нин еци фестиваль исхеууон æй. Уомæн æма си аци анз æвдист цудæй махмæ, Цæгат Иристони ке исистонцæ, æма бæлвурдæй мах адæми цардиуаги хæццæ баст хабæрттæбæл кæми цæуй дзубанди еци, кинонивæ «Разжимая кулаки». Зæгъун гъæуй уой дæр, æма си ци актертæ архайунцæ, етæ дзорунцæ нæхердигонау, нæ маддæлон æвзагбæл.

Аци фестивали ерисонтæ фæуунцæ, дуйней тæккæ зундгонддæр режисертæ ци кинонивтæ исесунцæ, етæ. Уомæ гæсгæ ба нин уæлдай æхцæуæн адтæй, уордигæй нæмæ æрæги ци цийнаг хабар исигъустæй, е – кинонивæ «Разжимая кулаки»-йæн исаккаг кодтонцæ аци фестивали цитгин хуæрзеуæг Гран-при. Зæрдиагæй арфæ кæнæн æ исаразæг исфæлдистадон къуарæн уæхæн агъазиау æнтæстдзийнади фæдбæл. Æ режиссер ба æй Кирæ Коваленко, айдагъ Уæрæсей нæ, фал еугур дуйнебæл зундгонд режиссер Александр Сокурови ахуркæнуйнаг (Кæсæг-Балхъарæй). Аци кинониви рольти ка архайуй, уонæй айдагъдæр дууæ æнцæ профессионалон актертæ – Хъарати Алик (фидæ) æма Æгъузарти Миланæ (æ кизгæ Ади роли). Миланæ, кино есуни рæстæг ма ахур кодта Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети актертæ цæттæгæнæн факультети. Иннæ рольти ба гъазтонцæ хуæдахур актертæ, дзиллон равдисти ба архайдтонцæ Мизури цæргутæ – кинонивæ уоми ист цудæй. Етæ дæр, æнæмæнгæ, сæ размæ æвæрд ихæстæ æнтæстгинæй исæнхæст кодтонцæ. Алик куд загъта, уомæ гæсгæ, режиссер еци хузи кадри бавдиста хумæтæг адæми æцæг æнкъарæнтæ.

Хъарати Аликкæн кинониви сæйраг роли гъазгæ фиццаг хатт рауадæй. Уой размæ ба гъазидæ айдагъдæр эпизодти. Кинонивæ «Разжимая кулаки»-й исаразгутæ Аликки иссирдтонцæ сæ зонгити фæрци. Кинониви ка гъазта, етæ бæрæг адтæнцæ, фал ма сæ айдагъдæр гъудæй сæйраг, фиди роли ка рагъазтайтæ, уæхæн актер иссерун. Берæ рæстæг фæййагурдтонцæ, фал си неци уадæй.

Аликки байагурдтонцæ сахар Санкт-Петербурги зундгонд студи «Ленфильм»-мæ, цæмæй имæ æркæсонцæ фæлварæн киноистити. Æма уоми хъæбæр бацийнæ кодтонцæ: кæдæй-уæдæй иссирдтонцæ, ка сæ гъудæй, уæхæн актер. Уайтæккæ дæр нисангонд æрцудæй сæйраг роли. Айдагъдæр си ракурдтонцæ, цæмæй æхе ма ниддаса æма закъæ рауадза.

Кинонивæ есун райдæдтонцæ 2019 анзи рагуалдзæги. Æрдзон нивтæ ист цудæнцæ Мизури, иннæ кадртæ ба истонцæ «Ленфильм»-и киностудий медæгæ.

Режиссери гъудимæ гæсгæ, кинониви актертæ, ку зæгъæн, дзорунцæ иронау.

Кинониви дзубанди цæуй ирон кизгæ Ади карни туххæй. Сабий ма ку адтæй, уæд бахаудтæй Беслæни скъолай террористон бæлахи (кæд кинониви аци хабари туххæй дзурд нæ цæуй, уæддæр бæрæг даруй). Адæ цæруй Иристони æрзæткъахгути минкъий гъæу Мизури æма ‘й хъæбæр фæндуй ардигæй, æ карз, домагæ фиди фур ауодунæй æхе ратонун...

Аликки хъайтар еуæрдигæй æй карз, фал иннердигæй ба æ бон æй æхе раййевун дæр. Æ бийнойнаг ку фæммард æй, уæд æ сувæллæнтти фæййервæзун кæнуни зæрдтæй фæллигъдæй Мизурмæ. Хъæбæр сæбæл ауодудта, æнæ рæвдудæй сæ нæ уагъта. Æма сæ еугурей дæр бафæндадтæй сæ еци æновуд цæстингасæй райервæзун... Еугур сосæгдзийнæдтæ уин уæ размæ нæ райхалдзинан. Уæхуæдтæ сæ фæууиндзинайтæ уæхе цæститæй. Аци кинонивæ фæззæги æвдист цæудзæнæй Уæрæсей кинотеатри æма хæстæгдæр базонгæ уодзинан æ хæццæ.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон артист Хъарати Аликки ном рагæй зундгонд æй нæ республики цæргутæн. Айдагъ æ ном фегъосгæй дæр адæймаги зæрди æхцæуæн æнкъарæнтæ февзуруй. Æма куд нæ! Алик Паддзахадон Дигорон драмон театри сценæбæл ци цæмæдессаг сорæттæ исаразта, уонæн феронхгæнæн нæййес. Фиццаг къахдзæфтæ ку ракодта сценæбæл, уæддæр бæрæг адтæй, дæсни, искурдиадæгин актер си ке рауайдзæнæй, е.

Алик астæуккаг скъола каст ку фæцæй, уæд ахур кæнунмæ бацудæй Дзæуæгигъæуи Гергити Валерийи номбæл аййевадон колледжмæ. Райста хореографи дæсниадæ. Уой фæсте ба, Паддзахадон драмон театрæн студи ку райгон æй, уæд уайтæккæдæр бацудæй уордæмæ актери дæсниадæ райсунмæ. Фæстæдæр ба, мæ зонундзийнæдтæ фæббæрзонддæр кæнон, зæгъгæ, уæлдæр ахургонддзийнадæ райсуни туххæй, бацудæй Краснодари аййевадон институтмæ æма ‘й æнтæстгинæй каст фæцæй. Хъарати Алик адтæй Дигорон драмон театри арæхстгиндæр актерти нимæдзи. Æ фиццаг къахдзæфтæй дæр бæрæг адтæй, актери искурдиадæй хайгин ке ‘й, е. Студий ахур фæууогæй ин лæвæрд цудæй сæйраг рольтæ. Æ барæ ин кодтонцæ тæккæ зиндæр, берæвæрсугдæр рольтæ æма, режиссертæ ин æ размæ ци ихæстæ æвардтонцæ, уони æнтæстгинæй æнхæст кодта.

Ци спектакльти рагъазта, уонæй еуцалдæрей кой ракæнæн: Алеко («Цигайнæгтæ» – Александр Пушкин); Зураб («Ка ‘й фудгин» – Хæмицати Цæрай); Кочкарев («Уосæракурд» – Николай Гоголь); маркиз Форлипополи («Мирандолина» – Карло Гольдони.); Скапен (Скапени хийнæдзийнæдтæ» – Мольер); Тазар («Аланти Нана» – Темирати Давид) æма ма берæ æндæртæ. Куд нæ æримисæн, Хъарати Алик æма Дигорон театри актрисæ Хадати Алинæ ци цæмæдессаг сорæттæ исаразтонцæ Гурджибети Блашкай пьесæмæ гæсгæ æвæрд спекталь «Æдули» театри сценæбæл æвæрд ку ‘рцудæй, уæд. Спектакли трагикон медес æнхæстæй райхалун сæ арми бафтудæй дæсни актертæн. Гъулæггагæн, сценæй раги ист æрцудæй. Фал нур дæр, кæд берæ æнзтæ рацудæй, уæддæр театрдзаутæй иронх нæй актерти дæсни гъазт.

Уомæн дæр æнæ зæгъæн нæййес, æма уæд, еци æнзти Хъарати Алик æма Хадати Алинæ сæ цард байеу кодтонцæ. Иссæнцæ тумугъ бийнонтæ. Гъомбæл кæнунцæ дууæ биццеуи æма кизгæ. Хестæр биццеу Максим равзурста æ ниййергути дæсниадæ. Нуртæккæ косуй Паддзахадон Дигорон театри. Æнтæстгин уæд! Миланæ æй студенткæ, Марат ба аци анз бацæудзæнæй скъоламæ. Æнæнезæй, зæрдигъæлдзæгæй цæрæнтæ æма ирæзæнтæ, амондгун уæд сæ карнæ!..

Хъарати Алик архайдта нæ республики зундгонддæр режиссертæ – Бекъойти Розæ, Беккузарти Орзетæ, Темирати Давид, Сæбанти Тамерлани хæццæ...

Цалдæр анзей размæ ба Алик косунмæ бацудæй нæ республики бæхти театр «Нартæ»-мæ. Æ архайдмæ гæсгæ æй раззагдæр актерти нимæдзи. Зæгъæн, номдзуд Хетæгкати Къостай юбилейи кадæн театр ниввардта цæмæдессаг спектакль «Къоста». Æма уоми сæйгар роль исаккаг кодтонцæ Хъарати Аликкæн. Театри разамонгутæ нæ фæррæдудæнцæ. Аликкæн æнхæстæй бантæстæй Къостай рæсугъд сорæт исаразун. Ци æ бæхбæл рацуд, ци æ дессаги дæсни дзурдигъæдæ, æмдзæвгити бакаст, æ дзубанди, ци ба æ ракафт – еугурæйдæр адтæнцæ зæрдæмæдзæугæ æма дæсни уагæбæл æвæрд. Бæхти театрмæ æрбацæуугутæ ин лæугæй æрдзæф кодтонцæ...

Нур ба ма Хъарати Аликки æнтæстдзийнæдтæбæл бафтудæй еума! Редакций номæй ин зæрдиаг арфæ кæнæн. Нæ зæрдæ ин зæгъуй æнæнез уогæй, аййевади тæккæ бæрзонддæр къæпхæнмæ исхезун. Куд искурдиадæгин, дæсни актер, адæмуарзон адæймаг, уотæ ин, æнæмæнгæ, бантæсдзæнæй!.. Хуцау зæгъæд, æма дуйнеуон аййевадон æркастити сурх гаузбæл цæугæй ин æ къохи Оскари цитгин статуэткæ ци фæууинæн!

**БИЧИЛТИ Алетæ**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1715.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 04.08.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 04.08.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфиниститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**